# Нобэ Налшык къыщыIэIах шахматымкIэ дунейпсо чемпионатыр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№168 (21.326) ● 2008 гъэм шыщхьэIум (августым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

## Хъущт Аслъэнбэч «Адыгэ псалъэм» щохьэщIэ

● Дыгъуасэ



**XXIX Олимп Джэгухэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ дышэ медалыр къыщыхьыгъ адыгэ щIалэ пелуан Хъущт Аслъэнбэч «Адыгэ псалъэ» газетым и хъэщIэщым щаIуцIащ редакцэм и лэжьакIуэхэм.**

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд, редакцэм и лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыуи и щхьэкIи гуапэу чемпионым ехъуэхьуад, дуней псом щыщIэрыIуэ адыгэ бэнакIуэхэм я щапхъэ къыпызыщэ лIыгъэ зэрыгъэлъэгъуам зэрыригушхэр жиIащ.

ЗэIущIэм кърихьэлIа псоми дIыщIэ яхуищIри, Хъущт Аслъэнбэч кIащIу тепсэлъыхьыжащ Пекин щилъэгъуаэхэм, гукъинэжк щыхъуахэм, къыдзэхуэсахэм я упщIэхэми и гуапэу жэуап къритащ. Абы и уэжькIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэмрэ чемпионымрэ фотоурэ сурэтхэр зытраГъащ.

**НЫБЭЖЬ Таисэ.**

*P.S. Олимп Джэгухэм я чемпион Хъущт Аслъэнбэч тхуэуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыдэкIыгъуэ гъунэгъуэхэм тетынущ.*

## Си фIэщ мэхъу

**КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ хамэ унафэ щIэмыту къызэралытам теухуауэ жиIар:**

США-м дунейпсо утыкум IуащIэ пщалъэхэм тету щригъэжкIуэкI политикэм хигъэпъадэу, Курскым и унафэщIхэм Осетие Ипщэм и цIыху мамырхэр зэтеукIэным хуэгъэзауэ илэжьа акъылыншагъэ, бзаджэнаджагъэ Iуэхухэм яужькIэ Урысейм зыри къыхуэнэжакъым Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ я къэрал суверенитетыр официальнэу къыпльытэным фIэкIа. Урысеймрэ и Президентыр къыщыпсалъэм жиIащ «Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ я лъэпкъэр езыхэр хамэ унафэ щIэмытыным и телъхьэу куэдрэ къызэрыIувар. Къэхъуам и уэжькIэ ахэр хуитщ езыхэр зэрыхуейм хуэдэу я гъащIэр яухуэну». Акъылэгъу удэмыхьулIэр иIэжьым Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ хамэ унафэ зэрыщIэмытыр къэпльытэным теухуауэ Урысей Федерацэм къыдигъэкIа Указхэр «цIыхухэм я гъащIэр хъумэнымкIэ Iэмал закъуэу зэрыщытым». НэгъуэщI къэралхэм ящIщ спонсорхэу Саакашвили къыдэIэпыкъуэхэм ар хуабжьу ягу зэрыримыхьынур гурыIуэгъуэщ. Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ зэрипхъуэну хуейр хуэдэу Урысейр зыгъэкъуэншахэм ягу къэгъэкIыжын хуейщ: а къэралыгъуэхэм я суверенитетыр къызэрилытар аргуэру щыхьэт тохъуэ ди къэралым зэрыпхъуакIуэ мурад гуэри зэримыIэм. Къэбэрдей-Балъкъэрыр сыт щыгури яхуэгумащIэу икIи зэрыщагъэфIэкIкIэ ядэIэпыкъуэ щытащ сыт хуэдэ IэпкъчмI щыщ цIыху къызэрыгуэкIхэу гуэзвэгъуэ хэтхэм. Си фIэщ мэхъу Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ я суверенитетыр къэпльытэным теухуа унафэ къызэращтар а лъэпкъхэм я псэукIэмрэ зыужьынымрэ ефIэкIуэным щIэтэхъуэнышхэу зэрыхуэхъунур.

Дыгъуасэ къэса хьэщIэхэр бысымхэм кърагъэблагъэ

Дунейпсо зэпеуэр сыткIи хуэхьэзырщ.

**ШахматымкIэ Бэныкъуагъэхэмрэ дунейпсо чемпионатыр нобэ Налшык къыщыIэIах. Абы щIэзэхьэзэхуэну пщащэхэр мы махуэхэм щыпсэунури щыджэгунри Налшык къалэ дэт «Синдика» интур-хьэщIэщырщ. Ар сыт и пщIантIэм щегъэувэкIащ ди хьэщIэхэр къыздикIа къэралхэм я ныпхэр. ХьэщIэщым и пэлущIэ пэшым фIэхъуэ псалъэ гуапэхэр зэрыт плакатыщхуэхэр щыфIэдзащ.**

**Чемпионатыр щекIуэкIыну пэшыр къызыхуэтыншэу къыращыкIащ, абы щIагъэуващ шахматыр джэгум хуэщIа стIолхэр, блынхэм щыфIадзащ электроинэ шахмат доскахэр, стIолыщхьэхэр игъэщIэращIэ къэрал ныпхэм.**

**Зэхьэзэхуэм хэтынухэр а Iуэхум хуэщIа IэмалхэмкIэ екIуу къыдэрагъэпэщащ икIи щэч хэтъкъым шахматджэгум хуэдэзэхэр щызэхуэса «Синдика» интур-хьэщIэщым мы махуэхэм щекIуэкIыну зэпеуэр гъэщIэгъуэн зэрыхъунум.**

*Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

## Абхъаз Республикэм и Президент Бэгъэпщ С. В. и деж

ПщIэ зыхуэтщI Сергей Василий и къуэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщIакIуэ комитетыр Уэрэ Абхъаз Республикэм и цIыхубэмэ къывохъухэуэ Урысей Федерацэм фи Республикэр къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр официальнэу къызэрилытамкIэ!

Абхъаз Республикэм и къэралыгъуэм и зыужьыныгъэм и лъэхъэнэщIэми адыгэхэр хуэпэжынущ зэкъуэш зэхущытыкIэхэм!

Щхьэхуитыныгъэм, хамэ унафэ щIэмытыным теухуа бэнэныгъэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр сыт щыгъуи дигу илъынущ.

Дыщогугъ Абхъаз Республикэр дуней псом къыщалъытэныр псынщIэ дыдэу зэфIэкIыну. Осетие Ипщэм и лъэпкъым мамырыгъэрэ ефIэкIуэныгъэрэ иIэну ди гуапэщ!

***Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ДЗЭМЫХЪ Къасболэт***

## Осетие Ипщэ Республикэм и Президент Кокойты Э. Дж. и деж

ПщIэ зыхуэтщI Эдуард Джабей и къуэ!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщIакIуэ комитетыр Уэрэ Осетие Ипщэ Республикэм и цIыхубэмэ къывохъухэуэ Урысей Федерацэм фи Республикэр къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр официальнэу къызэрилытамкIэ!

Осетие Ипщэ Республикэм и къэралыгъуэм и зыужьыныгъэм и лъэхъэнэщIэми адыгэхэр хуэпэжынущ зэкъуэш зэхущытыкIэхэм!

Щхьэхуитыныгъэм, хамэ унафэ щIэмытыным теухуа бэнэныгъэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр сыт щыгъуи дигу илъынущ.

Дыщогугъ Осетие Ипщэ Республикэр дуней псом къыщалъытэныр псынщIэ дыдэу зэфIэкIыну. Осетие Ипщэм и лъэпкъым мамырыгъэрэ ефIэкIуэныгъэрэ иIэну ди гуапэщ!

***Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ДЗЭМЫХЪ Къасболэт***

## Абхъаз Республикэм и Президент Бэгъэпщ С. В. и деж

ПщIэ зыхуэтщI Сергей Василий и къуэ!

КъБР-м щыщу езыхэм я жэрдэмкIэ Абхъазым щыщэуахэм я союзыр къуэш Абхъазым и лъэпкъымрэ хамэ гурэ псэкIэ ящхьэхуэхъуэ Апсныр зыми Iэщ1эмылъ къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр къызэрилытамкIэ.

Ди лъэпкъэм я къуэ нэхъыфIхэм я псэхэр щхьэхуитыныгъэм щIатащ икIи ар пщIэншэу къыщIэкIакъым. Абы и щхьэхуитщ къэралыгъуэ зыкъырегъэпытэным ильэс куэдкIэ Абхъазым щыщIэрыIуэ зэфIэкIуэным.

Псом хуэмыдэу нэщэнэфIщ ди къэралым - Урысей Федерацэм - 1992 - 1993 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэм къыщытха ТекIуэныгъэр ильэс 15 щрикъум ирихьэлIэу Абхъазыр къэралыгъуэ щхьэхуэу къызэрилытар.

Ди фIэщ мэхъу Абхъаз щхьэхуитыныгъэр и къэралыр игъэбзэныным икIи зэфIигъэувэным теухуа гуэзру пэжым, ауэ гугъэм тету дяпэкIи быдзу зэрыкIуэнур.

***ПщIэ къыпхуэзыщI, КъБР-м щыщу езыхэм я жэрдэмкIэ Абхъазым щыщэуахэм я союзым и унафэщI БЕКЪШОКЪУЭ Алексей***

## Си фIэщ мэхъу

**КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ хамэ унафэ щIэмыту къызэралытам теухуауэ жиIар:**

США-м дунейпсо утыкум IуащIэ пщалъэхэм тету щригъэжкIуэкI политикэм хигъэпъадэу, Курскым и унафэщIхэм Осетие Ипщэм и цIыху мамырхэр зэтеукIэным хуэгъэзауэ илэжьа акъылыншагъэ, бзаджэнаджагъэ Iуэхухэм яужькIэ Урысейм зыри къыхуэнэжакъым Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ я къэрал суверенитетыр официальнэу къыпльытэным фIэкIа. Урысеймрэ и Президентыр къыщыпсалъэм жиIащ «Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ я лъэпкъэр езыхэр хамэ унафэ щIэмытыным и телъхьэу куэдрэ къызэрыIувар. Къэхъуам и уэжькIэ ахэр хуитщ езыхэр зэрыхуейм хуэдэу я гъащIэр яухуэну». Акъылэгъу удэмыхьулIэр иIэжьым Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ хамэ унафэ зэрыщIэмытыр къэпльытэным теухуауэ Урысей Федерацэм къыдигъэкIа Указхэр «цIыхухэм я гъащIэр хъумэнымкIэ Iэмал закъуэу зэрыщытым». НэгъуэщI къэралхэм ящIщ спонсорхэу Саакашвили къыдэIэпыкъуэхэм ар хуабжьу ягу зэрыримыхьынур гурыIуэгъуэщ. Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ зэрипхъуэну хуейр хуэдэу Урысейр зыгъэкъуэншахэм ягу къэгъэкIыжын хуейщ: а къэралыгъуэхэм я суверенитетыр къызэрилытар аргуэру щыхьэт тохъуэ ди къэралым зэрыпхъуакIуэ мурад гуэри зэримыIэм. Къэбэрдей-Балъкъэрыр сыт щыгъуи яхуэгумащIэу икIи зэрыщагъэфIэкIкIэ ядэIэпыкъуэ щытащ сыт хуэдэ IэпкъчмI щыщ цIыху къызэрыгуэкIхэу гуэзвэгъуэ хэтхэм. Си фIэщ мэхъу Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ я суверенитетыр къэпльытэным теухуа унафэ къызэращтар а лъэпкъхэм я псэукIэмрэ зыужьынымрэ ефIэкIуэным щIэтэхъуэнышхэу зэрыхуэхъунур.

## Абхъаз Республикэм и Президент Бэгъэпщ С. В. и деж

ПщIэ зыхуэтщI Сергей Василий и къуэ!

КъБР-м щыщу езыхэм я жэрдэмкIэ Абхъазым щыщэуахэм я союзыр къуэш Абхъазым и лъэпкъымрэ хамэ гурэ псэкIэ ящхьэхуэхъуэ Апсныр зыми Iэщ1эмылъ къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр къызэрилытамкIэ.

Ди лъэпкъэм я къуэ нэхъыфIхэм я псэхэр щхьэхуитыныгъэм щIатащ икIи ар пщIэншэу къыщIэкIакъым. Абы и щхьэхуитщ къэралыгъуэ зыкъырегъэпытэным ильэс куэдкIэ Абхъазым щыщIэрыIуэ зэфIэкIуэным.

Псом хуэмыдэу нэщэнэфIщ ди къэралым - Урысей Федерацэм - 1992 - 1993 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэм къыщытха ТекIуэныгъэр ильэс 15 щрикъум ирихьэлIэу Абхъазыр къэралыгъуэ щхьэхуэу къызэрилытар.

Ди фIэщ мэхъу Абхъаз щхьэхуитыныгъэр и къэралыр игъэбзэныным икIи зэфIигъэувэным теухуа гуэзру пэжым, ауэ гугъэм тету дяпэкIи быдзу зэрыкIуэнур.

***ПщIэ къыпхуэзыщI, КъБР-м щыщу езыхэм я жэрдэмкIэ Абхъазым щыщэуахэм я союзым и унафэщI БЕКЪШОКЪУЭ Алексей***

● Абы дегъэпIейтей

## ТкIийуэ пэщIэтын

**УФ-м и Президентым и полномочиэ лыкIуэу ЮФО-м щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и федерал инспектор нэхъыщхьэ Меркулов Александр Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэжкIуэкIащ Урысей Федерацэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэм я пащэныгъэгъэзэгъэныным къыздэсыным щыгъэсэтъыхьа зэIущIэ.**

КОРРУПЦЭМ пэщIэтыным теухуауэ мы гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м УФ-м и Президентым и унафэкIэ къащта Лъэпкъ планым и 4-нэ Iыхьэм и ящэ пунктыр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэзащIэр зэпкрахьуу зэхьыхьэм кIыщыптсэльащ республикэм и прокуратурэм коррупцэм ебэныныжкIэ хабзэр зэрагъэзащIэм кIэпльыпльэ и отделым и унафэщI **Таниф Виктор**рэ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Власов Александр**рэ.

Федерал инспектор нэхъыщхьэ Меркулов Александр кьыхэзыфIыхигъащIэмкIэ, комиссэхэр мы Iуэхум зымащIэкIэ тепльэкIыну. Абы и зэхуэдэкIуэ къунчъым, щIэуфэ, фэрыщIагъ къыхэзыгъэкIхэм ткIийуэ ябгъэдыхьэнущ.

Абы зэхуэсахэр кьыхуриджащ я къалэнхэм хуэфащэ жэуапльныгъэ хэлъу бгъэдыхьэну икIи гъэтIыпльыпIэ имыIэу япэ игъэщIипхъэхэр игъэнэIуащ.

**АРУАН Алий.**

## Нэгъабэ нэхърэ нэхъ бэвщ

● Гъавэ

**2008 гъэм щыщхьэIум и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм гуэдзыр кьехьалIэжьым зэфIагъэкIащ. Гектар мин 71-м щIигъум псори зэхэту гъавэ тонн мин 245-рэ, зы гектарым тепщIыхьауэ центнер 34-м щIигъу къытрахащ.**

ХьэР гектар мин 44-м е хьэсэ псоми я процент 96-м щыщIакъуэжащ икIи псори зэхэту тонн мини 130-м щIигъу, гектар къэс хуэзэу центнер 30-м нэблагъэ къытрахащ.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Чечнов Борис и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, мы гъэм гъавэр нэхъ бэвщ нэгъабэ елытауэ. «Мы гъэм дунейм и щIыкIэр нэхъыфIащ. Ар сэбэн хъуащ къэкIыгъэхэм тэмэму зауэжьымкIэ. ЩIыр нэхъ IэкIуэльакIуэу зэрахьу хуежьащ. Абы щыхьэт тохъуэ мы гъэм кърахьэIа гъавэм и бэвагъыр. 2007 гъэм зы гектарым бжьыхьэсэ гуэдзу центнер 28-м тIэкIуэкIэ щIигъу, хьэм центнер 25-рэ кьытекIуэу арат. Дыщогугъ нартыхурэ сэхуранри бэву кьыщIэкIыну. ЖытIэнщи, мы махуэхэм нартыхур Iухьижьымэ щIыдодзэ.

А псори, щэч хэмылъу, кьыдэкIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и АПК-м щыIэ щIытыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ ялэжьа хэм. Ауэ жыпIэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэри нэхъ егупуу лажьэ хъуауэ», - кьыхигъэбелджылыкIащ министрым и къуэдзэм.

Мы зэманым еужьрэкIыу кIэртIофыр Iуахьыж. Гектар мини 6-м - ар хьэсэ псоми я зэхуэдитIщ - кIэртIофэ тонн мини 120-м нэблагъэ, ику иту зы гектарым центнери 196-м щIигъу хуэзэу къыщатIыжащ. А бжьыгъэр нэгъабэ центнери 151-рэ хъуауэ аращ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хозяйствэхэм мы зэманым помидорыр, нащэр, къэбыстэр, болгар шыбжийр, баклажаныр, кабачкир, жэгундэр къыщрахьэлIэж.

**ДЫКЪУЭ Мысырбий.**

● ЩIэ



# ЗэгурыIуэныгъэм тету

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэ Налшык щыщхьэIум и 26-м кьыщызэIуахащ дагъэгъэсыныпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэхьуэну «ЛУКОЙЛ» комплексыщIэр.**

АБЫ ИРАЩIЭКIА гуфIэгъуэ зэхьыхьэм хэтащ республикэм и Правительствэм и Iэтащхьэм и ящэ къуэдзэ **Тхьэпсэлыкъ Мурат**, «ЛУКОЙЛ - Ипщэ щыдагъэхэкI» ООО-м и унафэщI **Гаврилец Иван**, экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкIэ министр **Мусуков Алий**, Налшык кьалэ администрацэмрэ ухуэныгъэрэ езыгъэкIуэкIа организацэхэмрэ щыщхэр, ирагъэблэгъа хьэщIэхэр.

«Нобэ щхьэусыгъуэ дахэкIэ дыдэхуэзащ, дэ Налшык кьыщыIэудох сыт и лъэныкъуэкIи лэжьыгъэм хуэгъэпса эи чэзу дагъэпъэсыныпхъэ игъэхьуапIэр. Фигу кьэзгъэкIыжьынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и президент Къанокъуэ Арсенрэ «ЛУКОЙЛ» акционер обществэ зэIухам и Iэтащхьэ Алекперов Вагитрэ гъатхэпэ кIуэм Iэ щIадзауэ щытащ зэдэлэжьэным теуху Зэгурыгуэныгъэм. Ар хуэгъэзащ республикэр щыдагъэхэкI кьабзэхэмкIэ ирикъуу, кьызэгъэпэщыным. Нобэ ди нэгу щIокI а зэгурыIуэныгъэм щыубзыхуахэр гъэзэщIа зэрыхьур. Республикэм жылагъуэ политикэ зэпIэзэрыт зэрыщIым и фIыгъэкIэ, Iуэхуэхьэ лъэрыхьхэм я мылькур ди экономикэм кьыхалъхьэ. Ар ди зыужьынигъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ», - кьыитъэлIэгъуащ Тхьэзэпэльыжь Мурат.

Абы зэрыжиIамкIэ, Тэрчокъуэмрэ Байсултановымрэ я щIэкIэ щыIэ уэрамхэм я зэхьыхьэпIэм дежкьыщызэIуах дагъэгъэсыныпхъэ игъэхьуапIэм щыыу 25-м IэнатIэ яритынущ, республикэм и бюджет зэхэтым ильэсым налогыу сом мелуани 2 игъэкIуэнущ. Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэм комплексыщIэр пIалъэ кIэщI дыдэкIэ зыухуахэм, абыкIэ щIэгъэкъуэн хьуахэм фыщIэ, яхуищIащ икIи «ЛУКОЙЛ» компание лъэрызехьэм хуаIэ зэпыщIэныгъэм нэхьри зиубгъумэ зэригуапэр кьыхигъащащ.

Мыпхуэдэ ухуэныгъэхэм ди республикэм дежкIэ иIэну мыхьэнэр кьыхагъэщIу зэуцIэм кьыщыпсэльащ Налшык кьалэм архитектурэмкIэ и кьудамэм и унафэщI **Нэгъуей Арсен**, «ЛУКОЙЛ» дагъэгъэсыныпхъэ игъэхьуапIэм и менеджер **Мэрзалы Альэн**, нэгъуэщIхэри.

«ЛУКОЙЛ - Ипщэ щыдагъэхэкI» ООО-м и профсоюз организацэм и унафэщI **Яковенкэ Алексей** Мэрзалы Альэн тыгъэ хуиущащ комплексыщIэр щаутIыпща зэманыр щыгъэнэIуа блын сыхьэт.

Тхьэзэплъыж Муратрэ Гаврилец Иванрэ данэ лентI плыжжыр эпэаутща нэужь, зэхуэсахэр епльащ комплексым хащIыхьа тыкуэн Iэхуитльэхуитымрэ кафемрэ я лэжьэкIэм.

«ЛУКОЙЛ - Ипщэ щыдагъэхэкI» ООО-м и мурадщ мы ильэс гъунэгъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм инвестицIу сом мелуан 210-м нэблагъэ кьыхильхьэну.

**ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.**

*Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

## Альтуд школым - компьютерхэр

**КъБР-м и Президентым и фондым къыхэкIа мытыкIкIэ республикэм щыпсэу щыхуэ 13-м иджыблагъэ компьютерхэр къыхуащIэхуащ. Апхуэдэ лъэпкъэ зыхуагъаззу, абыхъэм республикэ Унафэщым и сайтым тхьапIэхэр ягъэхьат.**

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, абы и лъэныкъуэкIэ КъБР-м и Президентыр дэIэпыкъуэгъу зыхуэхьыр нэхъ къуэщIауэ псэуэрщ. ГъащIэм щытыкIэ гугъу къыщIихутахэм мыльку-кIэ защIигъакъуэ къудейкъым щIынаIъэ Унафэщым, атIэ апхуэдэ щыкIэкIэ абыхъэ Алекперов Вагитрэ гъатхэпэ кIуэм Iэ щIадзауэ щытащ зэдэлэжьэным теуху Зэгурыгуэныгъэм. Ар хуэгъэзащ республикэр щыдагъэхэкI кьабзэхэмкIэ ирикъуу, къызэгъэпэщыным. Нобэ ди нэгу щIокI а зэгурыIуэныгъэм щыубзыхуахэр гъэзэщIа зэрыхьур. Республикэм жылагъуэ политикэ зэпIэзэрыт зэрыщIым и фIыгъэкIэ, Iуэхуэхьэ лъэрыхьхэм я мылькур ди экономикэм кьыхалъхьэ. Ар ди зыужьынигъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ», - кьыитъэлIэгъуащ Тхьэзэпэльыжь Мурат.

Абы зэрыжиIамкIэ, Тэрчокъуэмрэ Байсултановымрэ я щIэкIэ щыIэ уэрамхэм я зэхьыхьэпIэм дежкьыщызэIуах дагъэгъэсыныпхъэ игъэхьуапIэм щыыу 25-м IэнатIэ яритынущ, республикэм и бюджет зэхэтым ильэсым налогыу сом мелуани 2 игъэкIуэнущ. Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэм комплексыщIэр пIалъэ кIэщI дыдэкIэ зыухуахэм, абыкIэ щIэгъэкъуэн хьуахэм фыщIэ, яхуищIащ икIи «ЛУКОЙЛ» компание лъэрызехьэм хуаIэ зэпыщIэныгъэм нэхьри зиубгъумэ зэригуапэр кьыхигъащащ.

Мыпхуэдэ ухуэныгъэхэм ди республикэм дежкIэ иIэну мыхьэнэр кьыхагъэщIу зэуцIэм кьыщыпсэльащ Налшык кьалэм архитектурэмкIэ и кьудамэм и унафэщI **Нэгъуей Арсен**, «ЛУКОЙЛ» дагъэгъэсыныпхъэ игъэхьуапIэм и менеджер **Мэрзалы Альэн**, нэгъуэщIхэри.

«ЛУКОЙЛ - Ипщэ щыдагъэхэкI» ООО-м и профсоюз организацэм и унафэщI **Яковенкэ Алексей** Мэрзалы Альэн тыгъэ хуиущащ комплексыщIэр щаутIыпща зэманыр щыгъэнэIуа блын сыхьэт.

Тхьэзэплъыж Муратрэ Гаврилец Иванрэ данэ лентI плыжжыр эпэаутща нэужь, зэхуэсахэр епльащ комплексым хащIыхьа тыкуэн Iэхуитльэхуитымрэ кафемрэ я лэжьэкIэм.

«ЛУКОЙЛ - Ипщэ щыдагъэхэкI» ООО-м и мурадщ мы ильэс гъунэгъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм инвестицIу сом мелуан 210-м нэблагъэ кьыхильхьэну.

**ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.**

## Къызыгуигъэхьэн Iуэху зэрихуэркъым

**Урысейм ООН-м хьыбар иригъэщащ Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ хамэ унафэ щIэмыт къэрал щхьэхуэу къызэрилытамкIэ.**

УФ-м и лыкIуэу Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм зэпымыуэу щыIэ Чуркин Виталий зэрыжиIамкIэ, ди къэралым а щIэналъытIуэ езым кьызыгуигъэхьэным теухуа Iуэху зэрихуэркъым. Зи гугъу ящIэу ахэр лъэпкъыжь кьызэтенаным щIигъэкъуэн хуэхъуныр.

Абхъазым махуищкIэ щагъэлъэпIэнущ гуфIэгъуэр. Абы ехьэлIа Iуэхухэр махуэми жащи йокIуэкI.

Апхуэдэ дыдэу гуфIэгъуэр щаIэт Осетие Ипщэми.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрийрэ Германием и канцлер Меркель Ангелэрэ телефонкIэ зэпсэльащ. Ди къэралым и Iэтащхьэм нэмыщI унафэщIым жриIащ Москва и Iуэху бгъэдыхьэкIэр зыхуэдэр. Меркель Ангелэ къыхигъэщащ Iащ. Медведевымрэ Франджым и Президент Саркози Николаярэ щызэпсэльам зэрызэгурыIуахэр гъэзэщIэн хуейуэ.

## Украинэм тригъэчныхьхьмиI...

**Урысейм и муридкъым 2017 гъэр къэсыху Севастополь щIыгъэнэу Украинэм абы тригъэчныхьхьми, жиIащ УФ-м Iэщ1экIэ Зэщ1эузэда и Къаруэм я Штаб нэхъыщхьэм и унафэщым и къуэдзэ Наговицын Анатолий.**

Тенджиз ФIыщIэ флотыр Севастополь щыIэщ лъэныкъуэхэм зэрахьылIахэм икIи дунейпсо хабзэхэм тету. Ахэр къызэрауэлIну зэрыхуэщIэкъуэм зыри къикIыныкъым, кьыхигъэщхьэхукIащ генералым.

Флотым и пашэ «Москва» крейсерыр Абхъаз тенджиз IуфэмIуфащ. Абы кIэлъокIуэ нэгъуэщI кхъуэ зыбжанэ.

Абыхъэм я къалэнщ къэунэхуа къэралыщIэр хамэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэм щахьумэну.

## Гъэрыпlэ итахэр

**Тэмакъыкьыхьагъ яхэлъу террористхэм епсалъэурэ, Ливием и властхэм яхуэзфIэкIащ Суданым щыщу гъэрыпIэ ихуахэр хуит кьащIыжьыну.**

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, бзаджащIэхэм Суданым и цIыхуу 100-м щIигъу зэрыс кьухьэльатэ Ливием щаубыдащ. Ахэр хуит къэщIыжьыным теуху зэпсэльэныгъэхэр сыхьэт 16-м нэскIэ екIуэкIащ. АпщондэхукIэ кхъуэхьльатэм исахэр, абыхъэм лIыжь-фызыжьхэри, сабийхэри яхэту, ипэжьипIэкIэ гъэрыпIэм итащ. Хуит хьужакъым ящIыщ куэдым дохутырхэр дэIэпыкъуэн хуей мэхъу.

***(ИТАР-ТАСС).***

## НОБЭ

● Ильэс 45-рэ и пэкIэ (1963) США-м щекIуэкIащ «Лжьыгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ ялэн папщIэ Вашингтон кIуэхэм я маршу» щыху мин 200 зыхэтар. Абыхэм къагъэзуащ расэ зэхэгъэжьанысгъэр. ягъэкIуэдыжьыну. Мартин Лютер Кинг купщIафIэу икIи гукъинэжу кьыщыпсэльащ Линкольн Авраам и мемориалым и деж.

● Ильэс 85-рэ и пэкIэ (1923) ягъу совет альпинистхэр гупу дэкIащ Кавказым и нэхъ бгы льагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ.

● ЩыщхьэIум и 28 - 30-гъэм Гуаньчжоу (КНР) щекIуэкIынущ медицинэ техникэмкIэ дунейпсо выставкэ-конференц.

● Ильэс 90 и пэкIэ къапхуащ Хэку зауэхэм и зэманым партизан зэщIэхьеенигъэм хэта, Совет Союз и Лиху-хъужь (1942, зэрымыпсэужу) Чайкинэ Елизаветэ (1918 - 1941). Фашистхэм нуклащ.

● Ильэс 60 и пэкIэ къэльэуащ театрымрэ киномрэ я урысей артистэ, РСФСР-м и цIыхубэ артистэ Гундаревэ Наталье (1948 - 2005).

**●Дыгъэ къыщIэкIащ сыхьэт 6-рэ дакъикъэ 26-м, къуэхьжьнущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 50-м.**

**●Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэт 13-рэ дакъикъэ 24-рэ.**

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырыр* **ШАП Мухьэмэдщ.**

## Хуэмызэ лIыфIщ.

● Зыужьыным и лIыхъужьхэм я гъэсэныгъэ

## Альтуд школым - компьютерхэр

**КъБР-м и Президентым и фондым къыхэкIа мытыкIкIэ республикэм щыпсэу щыхуэ 13-м иджыблагъэ компьютерхэр къыхуащIэхуащ. Апхуэдэ лъэпкъэ зыхуагъаззу, абыхъэм республикэ Унафэщым и сайтым тхьапIэхэр ягъэхьат.**

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, абы и лъэныкъуэкIэ КъБР-м и Президентыр дэIэпыкъуэгъу зыхуэхьыр нэхъ къуэщIауэ псэуэрщ. ГъащIэм щытыкIэ гугъу къыщIихутахэм мыльку-кIэ защIигъакъуэ къудейкъым щIынаIъэ Унафэщым, атIэ апхуэдэ щыкIэкIэ абы-хэм я зэфIэкIым хагъэхьэныжьмкIэ, Iуэхугъуэщ1эхэм дихьэхыныжьмкIэ гушхуэныгъэ яхелъхьэ.

Абы къыщынэмыщIауэ, Альтуд къыщызэIуаха курыт еджапIэщIэм компьютери 8 яIэрыхьащ. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен апхуэдэ тыгъэкIэ ахэр къигъэгубат мы гъэм и накъыгъэ мазэм а еджапIэр къыщыщIэрыхьым. Иджыри зы компьютер класс кьуажьдэс сабийхэм зэрагъэр иджырей техникэмкIэ яIэ щIэныгъэм хагъэхьэныжьмкIэ IэмальифIщ.

**МЕЧИЕВ Асхъэт.**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Экономикэ | Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

● Гъэсэныпхъэ

# Щыдагъэр иухмэ, дауэ хъуну?

**Гъэсэныпхъэ и Iуэхуки Iэ иджы нэхъ тыншыгъуэ зэи щыIакъым. Пэрыхьэту дгъуэту кьэпльтыгъэ хъунущ газыр, электрокъарур, щыдагъэр. Кьытхуэтыр ахэр зэгъэзэхуауэ, дыхуэсакъыу кьэдгъэсэбэныныгъ. Ауэ зэгуэр а псоми кIэ яныIэну пIэрэ? Яlэнуц! Дапщэц? Итlанэ дауэ дыхъуну? Хэкlыпlэр сыт?**

ЕДЖАГЪЭШХУЭХЭМ зэрыхуагъэфащэмкIэ, нобэ кьахуэнуэ щIым щIэнэ и щIэтщ фIамыщIу тонн триллион 14-рэ мелард 800-рэ хуэдиз, щIыдагъэу тонн мелард 550-рэ, газу кубометр триллион 400-м щIигъу, газну тонн мелуанрэ мин 400-рэ. ГъэщIэгъуэныракъэ, мы хьгуъэфIыгуэхэр нэхъыбэу зДэщыIэр ЩIым и инщэ пIъэныкъуэрщ. ЩIыдагъэу щIэтымкIэ дунейм щынэжь кьулей дыдэр Сауд Хьэрыпырыщ. Абы щIыдагъэ тонн мелард 43-рэ мелуанищэрэ щыIэщ. КъыкIэтьоикIуэ Иракыр (тонн мелард 16-рэ мелуан 700-рэ), ОАЭ-р ещанэ увыпIэм щыIтщ, еIуанэм кьиззэрыкIуэр тонн мелуан 500 кIуэ дейщ. АдэкIэ щIыдагъэ нэхьыбэ зиIэхэм ящыщщ Кувейтыр, Ираныр, Венесуэлэр, Мекь синхэр, Урысейр, США-м щIыдагъэу иIэр ди кьэралым иIэм нэхърэ хуэдитIым нэхкIэ нэхъ мащIэщ.

ГазымкIэ дуней псом пашэныгъэр щызыIыгъыр Урысей Федерацэщ. Ди щIынальэм газ кубометр триллион 48-м щигъу щIэтщ. Дэ кьытхIэтьоикIуэ Ираныр, ауэ ар ди кьэралым хуэдитIрэ ныкьуэм нэскIэ кьыкIэроху. АдэкIэ кьоикIуэ Катарыр, ОАЭ-р, Сауд Хьэрыпыр, Нигериер, Алжирыр, США-м газ кьыщхахутар дыдеим нэ хърэ хуэдипщIым щIигъкIэ нэхъ мащIэщ. ЩIыдагъэрэ газкIэ дэ кьызыдогъэпэщ Европэм щыIэ кьэралхэм я нэхъыбэр. Дяпэкlэ газыр куэду яIэрыхьэнущ Азием щыщ кьэралхэмри.

Дунейм идыкьри кьэрал куэд щыIэщ фIамыщIыр гъэсэныпхъэу нэхъ кьыщагъэсэбэну. Нобэ ЩIым фIамыщI кьыщыщIах бассейн ину минищрэ щихрэ щыIэщ. Ахэр щынэхъыбэщ Урысейм, Украинэм, Британиеи, Европэм щыIэ нэгъуэщI кьэралхэм, Америкэ Ищхъэрэм.

Еджагъэшхуэ хэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, гъэсэныпхъэ гъэ тIыпытыгъэжр кьэралхэм идыкьри ильэсищэкIэ яхуирикъунущ. Ауэ а гъэтIыпытыгъэ псори кьыщIэпхыфыну е кьыщIэпшыфыну шэсыпIэ щыIэкъым. Кьапщтэмэ, ди кьэралым Советыр властыр зэрыкьутэжрэ щIэуэ зы кьыщIэшыпIи кьыщагъуэ такъым икIи щауэкъыым, ятlэкэм хуэдизу геологхэр зыгуэр гъыгъуэу губгъуэм итыжкъым. Ар зы шынагъуэщ. Етlуанэр, ди кьэралым щIыдагъэ гъэтIыпытыгъэ щыIэр зыхуэдизыр идыжьри нэсу убзыхуэ зэрымыхьарщ. Сыт хуэдизкъгъуэтми кьыщIашми ильэсищэ иримыкьуищ щIыдагъэ хэмкIэр кьэзыгъэсэбэнхэр сэтэйм кьыгъуэтэным иIэжьир. ИтIанэ сыт тщIэнэр? Выгум, шыгум дитIысхьэжьну? Хьунщ, щIыльэрызекIуэ транспортыр токкIэ лажьэу пхуэщIынущ, ауэ кхъухьльатэхэр зэрыльъэтэнур дауэ? ХэкIыпIэу щыIэр тIущ. Япэрауэ, дагъэгъэсэныпхъэр нэхъ зэгъэззэхуэу я кьэгъэсэбэнын хуейщ. Мы зэманым Iэмал хьарзынэ щыIэщ кьаIэ кIуэцIхэм щызекIуэ, жылагъуэхэр зэпызыщIэ транспортыр токкIэ зекIуэу щыIныжмкIэ. Абы гъэсэныпхъэ куэд кьыдигъэхуэфынущ. Ауэ нобэкIэ а Iуэхум тэмэму дегупсысыркъым. ЕтIуанэрауэ, нэгъуэщI гъэсэныпхъэхэр кьэгъуэтынымкIэ щIэнэ. Ауэ ар ди кьэралым и Президентым, къэгъэсэбэныным нэхъ тегушхуауэ нужь ихьэн хуейщ. Апхуэдизкъэм ящыщ зыщI атомым и кьарур кьэгъэсэбэныныр. Абы и пIъэныкъэкIэ гъэсэныпхъэ нэхьыфIщэу щIэныр. Ар нэхьыбэу щыIэщ Австралиеи, Урысейм, США-м, Канадэм, ЮАР-м, Нигериеи, Бразилиеи, Намибиеи. Ауэ ар кьэгъуэтынымрэ кьыщIэхьынымрэ гугъу дыдэщ - зы руда килограмм кьыщIэхьынымкIэ доллар 80-м щIигъу токIуадэ.

Гъэсэныпхъэм и нэгъуэщI хэкIыпIэхэри кьызэрыкIуэ Iуэхуитхэ зэрыщIэ. Ар гъавэм сипгъ кьыщIэхуэнущ. Ауэ идкьыфI техникэр гъэсэныпхъэкIэ кьызэрыгъэпэщын щхьэкIэ сыт хуэдизу гъэзэрыр зэрымрэ гъэмэщIэнщ. Пэжщ, абы ди экономикэр нобэ куэдкIэ елытатащ. НэгъуэщI кьэралхэм сапу я лдэщIыпымкIэ хэкIыпIэщхэр кьэгъуэтын хуейщ. Ар адрейкъэм ефIэкI продукцэ нэхьыбэ, нэхьыфI кьыщIэгъэкIынымрэ щэныпрэ зэтеухуэнырщ. Аращ кьэрал нэхъ хэущIэхэр нобэ кьулей зэрыхьуар. Кьапщтэмэ, Японием щыдагъэ газ ищхьэкIэ. А кьэрал мыин дыдэм нобэ кьыщIетIэжкI дуней псом промышленнэ продукцэу кьыщалэжьым и процентиблым нэсыр. Адрей кьэралхэм ящыщу мы зэманым ар щхьэу США-м процент - 17, Китаймэ - 15,3-рэ, Германиемэ - 5,4-рэ. Дэ ди кьэралым а бжьыгъэр зэрыщIихъур процент 1,8-рэщ, икIи абыкIэ дакъыкIэрэху Индиеи, Франджым, Инджкьылым, Италиеи, Индонезиеи, Корее Ипщэм, Бразилиеи, нэгъуэщIхэми.

Ди кьэралым куэд дыдэу кьыщалэжьыфынущ фIагъ лъагэ зиIэ гъавэжкI, хадэхэкI, Iэщхэкl, пхъэщхэмыщхэ, нэгъуэщI ерыскъыпхъэхэр. Нобэ Китаймэ зы нэхъыбэ гъавэу тонн мелуан 450-м нэс, США-м тонн мелуан 340-рэ, Индиеи тонн мелуан 220-рэ кьыщрахьэлIэ. Абыхэм нэхърэ хуэдитIым нэскIэ щIы нэхъыбэ зиIэ кьэралым зы илъэсым гъавэу кьыщрахьэлIэр тонн мелуан 80 иримыкьущ. Зы щIыхуэм тещIыхьауэ гъавэу кьыщрахьэлIэ Канадэм килограмм 1700-рэ, США-м - 1350-рэ, Украинэм - 700-м нэс. Ди деж ар зэрыщIыхьэр килограмм 520-рэщ.

Нэхъ зызыуяжьа кьэралхэм дэ идджыри куэдкIэ дакъыкIэроху автомобиль, кхъухьльатэ, мэкъумэщ техникэ, промышленностыр зыхуэгъэпсыкIэ хуэдизкъэ кьыщIэпхьэнымкIэ. Гуп1ыгъэ хэха хуэщIыпхъэщ куэ ройртхэм, туризмэм, сатум зегъэужьыным.

**УЭРЫШ Нурхьэлий.**

**Зи ныбжьыр хэкIуэта цIыху щхьэзакъуэм е ныкъуэдыкъуэм, и щхьэр хуэсмыхьэжу щытмэ, кьэралым и кьалэнщ абы щIэныкъуэку. Адрыщхьэ социальнэ лэжьакIуэхэр пщIэнчэу щIэгъэкъуэн зыхуэхьэр мащIэ дыдэщ. Хэт сымэ абыхэм я кIэ зытетыр? А упщIэм и жэуапыр кьагъуэтыну хуэщIыхьэ IРГ-м и корреспондентхэм.**

## Зы пэгун кьипхын папщIэ

«Ерыскъы кьыззэрысхуахьым икIи пхъэнкIийрэ кIэрыхубжьэрыхуэмрэ зэрыщIэхьэм папщIэ Краснодар краймрэ Ростовым и Iэмалыжьакъэхэм естын хуей мэхъу мазэ кьэс хуэззэу сом 438-рэ кIэпIейкIэ 40-рэ» - кьитхащ редакцэм Выборг щIепсэу, Хэку заущхуэм хэта фызыжьым. «Си ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэхащ, сыныкьуэдыкъуэщ, си закъуэу сопсэу, - хьыбар кьыдегъащIэ Курган щыщ Жуковэ Таисие. - СоцIэжьакIэр зэрыщIэхьэкум тIэу кьыхсуохьIуэ, ерыскъы кьыхсуехь. Iуэхутхьэбзэхэм щIызот си пенсэм и проценти 3-р». Краснодар краймкъэтхэкI кьыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я пенсэхэм я процент 15-р щIату. Санкт-Петербург щIыщ, илъэс 84-рэ зи ныбжь Шефор Людмилэ кьыджиIауэ Iуэхутхьэбзэхэр кьыхуащIэн эрамыдзэжьыр. Абы кьыхуагъэувыр упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу уэрыкIэр хэгъэкIауэ кьаенэ пенсэ Iыхьэм и процент 13-р яритыну.

Белгород щыщ, Хэку заущхуэм хэта Подмогилныя Зое кьребжьэгI щынальэм и правительствэм Iуэхутхьэбзэхэм яхуиГъэуэ уасэхэр: хадэ кьебгъэтIыныжу, зы сотыхьыр сом 85-рэ, жьыIэхэр хебгъэсэнымэ - сом 50, уэсыр ебгъэтхьэныжу - зы метр зэбгъуэзнатIэм сомэ 5 я уасэщ. Мэтхьэусыхэ: щIыунэм зы кIэртIоф пэгун кьребгъэхьиныр зы тумэн и уасэщ. АтIэ сыт хуэдизу текIуадэр ар къэбгъэкIыным?!»

«Ныкъу эдыкъу эхэм Iу эжу тхьэзэхэр зэрыхуащIэм пэкIуэу я пенсэхэм я процент 15-р ятын хуейуэ яхуэзэрщIыщIыщ, - етх соцIэжьакIуэ Сивкэ Галинэ, - Ди деж, Воронеж областым, зи пенсэр курытым щIигъум, нэгъуэщIу жьыIэмэ, сом 4500-рэ хуэдиз зыльыс ныкъуэдыкъуэм сом 80, Хэку заущхуэм хэтам сом 40 нэхърэ нэхъыбэ щатыркым».

ЩIхьэ апхуэдэу зэхэзэрыхьа? Ар зэхагъэкIыну хуащIыкъуащ «РГ»-м и корреспондентхэм.

## Ятынуж зыхуэдизыр зыубзыхур щIынальэхэрщ

2005 гъэм Краснодар краймрэ и администрацIэм и Iэтащхьэм кьыдигъэкIэ унафэм щIыбзыкъуащ зи ныбжь хэмIуэтахьэр ныкъуэдыкъуэхэмрэ пщIэнщэу хуащIэн хуей Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдизыр. Абыхэм яхохьэ ерыскъы, хущхъуэхэр яхуэхьныр, шхын ягъэхъэзырынымкIэ, псэупIэхэр зэлъыйуахьынымкIэ, коммуналькIуэ Iуэхутхьэбзэхэр ятынымкIэ ядэIэпыкъунэр, псы яхуэхьныр, хькуэхэр яхуэгъэпIынымр, дорутырхэм я деж щыкIуэкIэ ящIыгъунэр, нэгъуэщIхэри.

СоцIэжьакIуэхэр зи щхьэр зыхуэмыхьэж щIэхуэм пщIэнщэу щадэIэпыкъур унафуэм исхэм ящыщ дэтхэнэми хуэдизу хэхъуэу кьаIэрыхьэр упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу уэрыкIэр кьыщIэкIынущ. Газыр зыми пиупщIынукъым, абы ди фейдэ хэтхьэкъым. ЗыщIэ щыIэрэ щэхуакIуэ щымыIэжмэ, сату щыIэхъжьым.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм яхуирикъуфынымрэ гъэсэныпхъэ нэхъыбэу кьыщащэху кьэралхэм - Мексикэм, Канадэм, Сауд Хьэрыпым, Венесуэлэм кьыхуаутIыщхэри. Абы щыгъуэми, ятlэ кьэралитIырщ нэхъ зыщыгъуэ хьуну лэжьэгъэуI ящIэ. РеволюцIэм и бэнакIуэ, Венесуэлэм и президент Чавес Уго зэпымыуэу мэдаль США-м хуригъашэ щIыдагъэр игъэмэщIэну. Ар тегъэгушхуэн хуей кьудейуэ аращ. Ауэ США-м «щIыдагъэ блокадэ» ещIыпIэнрэ кьэтхьэныкъым. Мы ящIэ Сауд Хьэрыпри арэзыщыкъым Штатхэм ялэжьхэмкIэ.

Ауэ а псори нэхъыщIэкъым. США-м зэпымыуэу щогъупщэж ешы политикъ льэшагъ ин игъэлэIыми, дунейм и унафащIу щытыр зэрырамырар. Псори зезыгъаIыгъэ зи щIыхьыр ин Глобализацэщ. Экономикэ Iуэхуэр апхуэдизкIэ кууэ зэпыщIауэ икIи зэрыхьащи, зы кьралым, псальэм и кьэтыркIэ, Урысейм и сэбэн зыхэлъхэм хуэтэн зэращIыж ижь дуней псом щIихунущ. Лькъуэр Iэм зэран кьыщIуэхъуэм деж хэт и зэран иэхъ зэкIыр? Iэпкьлъэпкъ псорщ.

**КАЛЕДИНЭ Анэ, ЛЕСКОВ Сергей.**
*«Известия».*

## Дэlэпыкъунытъэм и уасэр

хэмрэ упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейрэ зэрызэщIыхьэкIыным емылытауэ, я унэхэм кIуэурэ лIыкIыфIызыжьхэм щадэIэпыкъу щIынальэтIкI, Ар Москвэрэ Мурманск областымрэщ. Апхуэдэ хабзэхэр абыхэм щагъэуваш 2006 гъэм.

### Хабзэм езэгъыу

КIэщIу жьыIэмэ, зыдэIэпыкъухэм ятын хуейр зыхуэдизыр зыгъэувыр щIынальэ властхэрщ. Ахэращ зыубзыкIыр жыгъэр дэIыгъын папщIэ щIыпIэ бюджетым сыт хуэдизкъыхэхьн хуейми.

Iуэхутхьэбзэ зэрыхуащIэ щIыкIэм зэхъуэкIынигъэхэр игъуэтащ 2005 гъэм Федеральнэ закон №122-р кьащта и ужькIэ. Абы «къигъэщIэрэщIащ» 1995 гъэм кьащтауэ щыта законыр. Мис абы щыгъуэщ мыпхуэдэ хабзэм кьару щигъуэтар: хэхъуэр упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейм нэхъ нэхъ цIыкIуэмэ, кьэралыр щэсыпIэ зэрируэ Iуэхутхьэбзэхэр щIэнщэу хуащIэнущ. Адрейхэм я деж кIэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр зыгъэувыр щIынальэхэрщ. Ауэ ахьшэ Iахми Iамыхьми зи гугъу тщIы дэIэпыкъунигъэр лIыкъ-фызыжьхэм иратыну я кьалэнщ.

Езы соцIэжьакIуэхэм ящыщхэм кьалъытэ лIыжьфызыжьхэ лъэрымыхьхэм ахъшэ кьеIыпхынщ тэмэму. «Дэ ди улахуэхэр цIыкIу дыдэщ, льготэ гъэрп дIэкъым, - жеIэ Воронеж кьалэм щыщ Сивкэ Галинэ, - хэбгъэзэхьмэ, кьалэ автотранспортым ди ахъшэкIэ дыщызэекIуэн хуей мэхъу. Псэуныгъэ и льэныкъуэкIэ Iуэхутхьэбзэ зэрыхуащIэ Iэнатlэр льэлъэжащ».

Самарэ областым Узышнагъэр хьуэмыкIэ псэуныгъэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм кьыщыджаIащ: «Льготэ зэрыхуащIэ папщIэ пщIэнщэу Iуэхутхьэбзэ яхуэтщIэн хуейуэ лIабжьэ гуэри щыIэкъым. Апхуэдэ хабзэ кьыщоIуэкI дуней псом. ЦIыхум кьыхуащIэ Iуэхутхьэбзэм и пщIэр езым итыжкIыну щыгъэ мэ, сыт кьэралым ахъшэ щIигъэкIуэдыну?! Дэ дитlэн зы мазэм сом мини 10-13 пенсэу зрат ветеранхэр. Ауэ, кьыгъхэрэгъэгъу, соцIэжьакIуэхэм я лэжьапIэр хуэдизкIэ нэхъ мащIэщ - сом мини 5-7-щ».

**ЛУБИНЕЦ Еленэ, ШЕПЕЛЕВЭ Аннэ, ЗЕМЛЯНОВЭ Антонинэ, ПРЕДЕЛЬСКИЙ Денис, ЖУРМАН Ольгэ, ШУХАТ Надеждэ, НЕВИННАЯ Ирин***э сымэ я ягъэхьэзырыщ.*

● ЗэIущIэ

## Пщэрылъхэр ягъэткIий

**Шыщхьэлу мазэр и кIэм нэблэгъа къудейуэ арами, Правительствэр егъэпIейтей щIымахуэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьэзырым.**

ГъЭ КIУАМ елъытауэ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм иджы нэхъ еужьэрэкIыу зыхуагъэхьэзыр щхьэкIэ, Правительствэр тогъэзыхьэ гъэсэныпхъэхэр гъэхьэзырыным ехьэлIа Iэхуэгъуэхэм. Премьер-министр Путин Владимир щыгъыкIэм кIэлъыплъыну езым кьалэн зыщищIыжащ икIи щIынальэ зыужьыныгъэхэмкIэ министр Козак Дмитрий абыкIэ жэуапткIуэу игъэващ. Премьер-министрым щIыпIэ властхэм яIэщIакI ныкъуэсанигъэхэм папщIэ яхь жэуапыр икъукIэ игъэткIиину унафэ яхуищIащ.

ЩIымахуэр сыт щыгъуи цIыхухэр гугъу езыгъэхь, зыгъэгъузаз эзманщ. Абы и щIыIукIэ, мазутIым и уасэр дэуещ.

Къэралым и экономикэм мыхьэнэшхуэ щIэзыIэ, ауэ гъэсэныпхъэкIэ гугъу ехь щIынальэпIиплI щыIэщ. Аращ Камчаткэ, Примор крайхэмрэ Архангельск, Мурманск областхэмрэ мылъкукIэ ядэIэпыкъуным теухуа унафэ кьыщIащтар. Правительствэм абыхэм сом меларди 3,2-рэ яхухиащ, мазутIыр льапIэ зэрыхьуам кьыхэхкIыну.

Премьерым кьызэрыхигъэщамкIэ, ар а щIынальэхэм гъэплъыгъуэ лъэхъэнэр кьызэрымыкIуэ щыгъыкIэхэр кьахуимыхуэу ирахьи папщIэ ирагъэкIуэкI пэжыгъэхэм ящыщ Iыхьэщ. Ауэ Путин Владимир абыкIэ Iуэхур зэфIигъэкIыну и мурадкъым.

- Дэ дытепсэлъыхьащ бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыныгъэ пщэрылъхэр гъэтхкIиин зэрыхуейм,- зыхуигъэзащ абы ЩIынальэ зыужьныгъэмкIэ министерствэм и унафэщIым.- Уэ бгъэхьэзырын хуейщ Iуэхум ехьэлIа жэрдэм Iуэхуэхэр. Дэнэ здэщыIэр ахэр?

- Дэ фокладэм и 1 пщIондэ пIалъэу диIэщ, - зигъэзэхуэжьну хэтащ Козак. Абы ирихьэлIэу псори дгъэхьэзырынщ.

Путин жиIащ зэманы кьахуэнэжар зэрымащIэр, епIэщIэкIын зэрыхуейр.

Правительствэм гулыIэ зыхуищIар зи гугъу тщIа щIынальэпIиплI къудейкъым. Алтай,Ингуш, Якутие республикэхэм гъэкIуэхэм дунейм и кьэхьуГъэ насыпыншагъэхэм къахуихьахэр ягъэзэкIуэжын папщIэ хуаутIыпщынущ сом мелард 1,2-рэ. Марий Эл Республикэм хуэхахащ сом мелуан 250-рэ. Чукоткэм и бюджетыр зэхуигъэзэхун папщIэ сом меларди 2 Iэрэзынущ, абы налогышхуэ зыту щыпсэуэхэр иIэпхъуэкIащи.

**САВИНЫХ Анастасие.**
*«Известия».*

● Щэпхъаджагъэ

## Сыт хуэдизрэ зимыгъэпщкIуами...

**Монакэ пщыгъэм щаубыщащ гъэпщIакIуэ ери, Одессэ кьыщалъхуа Дворкин Евгений, Ар бзаджагъэкIэ Могилевич Семен цIэрыIуэм кьыкIэрымыкIуу икIи, абы и гъэсэну кьалыгъэ: зэхащIыхьахэр зэщIыщ, нэгъуэщI куэдкIи зэтохуэ.**

ЯПЭРАУЭ, гъэпщIакIуитIри Украинэм щыщщ. Тыми хамэ паспортыр тIощI-тIощI хуэдизу яIэщ, щIэ-унэцIэу пщIы бжьагъэхэр зыфIащыжащ. Абыхэм хуабжьу ещэжьауэ ГФФР-мрэ Интерполымрэ. Могилевич хуэдизу Украинэм хьэгъэщагъэ куэд зэхэщIыщащ. 2003 гъэм Нью-Йорк и КъуэкIыпIэ округым Дворкиныр абы и пашэгъуэ 8-мрэ игъэжьэнщащ доллар меларди 2,3-рэ и уасэ тхьылымпIэ льапIэхэр хабзэщIагъэкIэ зэрызэблагъэкIаIэмкIэ. И гъусэхэр ягъэтIысащ, Дворкиныр щIэпхъэжащ.

ФБР-м кьытахэм ятепщIыхьмэ, Дворкиныр 15-рэ США-м щаубыдащ, ауэ судыщIэжьэм Iуэхур кьуэдкIэ зэфIагъэкIын хуей хьэщ, и щIэ-уэнэдэжэр зэрыгъэзэрыщIащ кьыхэжьу. Льэхъущыжьым эзрихуар тIэу кьудейщ.

ИкIэм-икIэжьым США-м ирашри Украинэм яIэжащ. Мыбы гъэпщIакIуэм урысей паспорт щызэрыгъэпэщащ, Москва кIуэри, сом меларди 2-рэ щигъэжьащ. ИужькIэ зигъэтхъэжьну Монакэ кIуащ.

**ИВАНОВГ еоргий.** *«АиФ».*

**Азие Курытым, Хьэрыпи КъуэкIыпIэм, Кавказым, Балканэм ящыщ къэралипщIхэр хущIокъу Хьэужэ гушыIэрейр икIи Iущ дыдэхэм я деж кьыщалъхуауэ кьыщIигарэздзыну. Арщхьэкlэ тыркуэм шэч кьытрахьэркъым абы и лъахэр зэгуэр езыхэр кьыззрыIэпхъукIа Азие ЦIыкIыр зэрыарам. А щхьэусыгъэурэщ ар щыщIалъхьауэ кьалъытэ Акшехир тырку кьалэм цIыху кьыззрыгуэкIэм я нэхъ цIэрыIуэ дыдэм и цIэкIэ иджыблагъэ 49-нэ ирадиоуэ фестивалыр щыщIагъэкIуэкIар.**

**Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Гъэсэныпхъэ

# Зэран кьытхуэхъуфыну?

**Хамэ кьэрал политикэр куэдрэ тепсэлъыхьащ Курыкым екьлIауэ кьахуэуа Iуэхуэхэр и гетьэщIапIэу Урысейм экономикэ и лэжьакIуэ КъуэкIыпIэр зэран кьызэрыхуэхъуфыну щIыкIэм. Ди кьэралым зыри щыжьаIакъым. Мыхуэ куэдкIэ ди цIыхухэр еIуIуащ кьыхальхьхэм. Абыхэм ящыщу зыныкьуэгъэр делагъэ дыдэт (псальэм и хьэтыркIэ, урысейкэр Лондон и тыкуэнхэм щыщхэуну хуит щыIнар). Адрейхэр нэхъ лъабжьэ зиIэт (ВТО-м хэмыгъэхьэн е кьэрал нэхъ лъэрыкъэ дыдэхэр 8-м кьахохуэжьи, зыгъэсу ягъэшIу ядерив программхэр, сату зэхущытыкIэхэр кьызэрыгуэкIыну). ЩыщхьэкIуэм и 25-м кьыгтехуащIыкъэр нэхъ мащIэ хуэдизу, ИтIанэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир абыхэм ящыщ ятlэ дыдэу яритащ, ткIийуэ, ауэ и ныжьыщхуэ хэлъу.

ПРЕМЬЕР -министрым жиIащ Дунейпсо сату зэгугъэхьныгъэм (ВТО) хьыхьэн папщIэ зэращIыпIа зэгурыIуныгъэ зыбжанэр гъэзэщIныр кьызэтегъэувыIэн хуейуэ кьызэрилъытэр. Ардыдэмкlэ дэ КъуэкIыпIэм едгъэлъагъуфынущ кьызэрытхуэдальэм зыри кьызэримыкIынкIэ. Апхуэдэ лъэбакъэр зэрыхьэ зэран кьызэрыгъэхьэнкIэ, ауэ ар зэрыгъэзэщIыжынкIэ, «Известия» газетым и лжьакIуэхэм ярыщ ящIащ ди экономикэ зэхущытыкIэхэр зэрызэгъэзэщIыжынымкIэ. Ар ди кьэралым и Президентым и Унафэщ Путин Владимир абыхэм ящыщ ятlэ дыдэу ящIащ, ауэ зэгуэхьнэ ящыщ

# Исльамым и нур

● Хъутібэ

## Тхьэмыщкіагъэ

**Исльам диным къыхэрилъытэмкІэ, тхьэмыщкІагъэр щыгъэІэн хуейкъым. Мусльмэным жІэн хуейкъым ар Тхьэм и сальмэ, нат Іэм къыртхауэ, тхьэмыщкІэ ухъуамэ, Тхьэм и нэфІ кьыпщыхъуауэ. Апхуэдэу жызыІэхэм дэ драгъуэскъым.**

БЕЙМРЭ тхьэмыщкІэмрэ зэрыщІэмрэ и бзыщІыркъым ди диным. Ауэ тхьэмыщкІэм ишхын е щитІэгъэн имыгъэтмэ, мусльмэн жэмыхьэтым щыщ псоми гуэныхь кхахь..

Къымыдзэ, диным идэркъым бейм и мыльк ур къыштепхыну.

Бейм и мылькым псапэ хитыкІыу, къулейсызым дэІэпыкІуу, нужьрейми ар фІыщІэ ищІу зэрэпсэуэнухьэ. Бейм ар ІэшІагъэ хуаІмэ, ар ІэшІагъэ хуаІмэ, и мылькур игъэшІжат. Ау э зыри бей хъуакъым, псори зэрытхъмыщкІэу кьэнэжащ ахъунэ.

Мусльмэн диным кьеГъэуВ дэтхэнэ щыгъури гъжьэн хуейуэ. Къэралым и унафэщІэхэм я кьэлэнщ щыгъу псори лэжьапІэ хуамыгъэнкьюу эну. Мусльмэнмэ мыльажьэр Алыхьым ФІыуэ и ильтэуркъым. Щыкъу лажьэм и хьэкъ ирикъуу езымытым гуэныхьхь кьехь. Псалъэм папщІэ, сомитхэу зи уаеэ ІуэхутхьэкІэр сомищІэ кьебгъэщІэнкІэр уэркІэ хьэрэмщ. Щыкъум и пщІэнтІэпсым пщІэ хуэщІынкІ.

Бегъымбар лъапІэм жиІэгъащ мыпхуэдэу: «Лэжьакіуэм и пщІэнтІэпс кІыпхьІар мыгъущ щІкІэ и лэжьапащІэр ептын хуейщ. ЩІхьэсугъэсу лъэпкъ кІымыгупсыс у мусльмэнм тэмэмым лэжьапащІэр и лэжьакІуэм иритын хуейщ. Абы кьыкфІэпшкар хьэрэмщ, дунейми кІэ кьыпхуэгъэми, ахэрэтымкІэ упшынкьжьыщ.

Бей уэрэпхъуным ухущІэжьупхъэщ. Ауэ ар зэбгъэхъулІэн зэрыхуейр лэжьыгъэ хьэлэмкІэщ. Зыри кьэнтпхъэжьу хьунукъым. Кьулейсу ІыгІыр кьэбгъэсэжьпу, кьыуМылэжьа мыльщ зэпхьэлІапхъэкъым. Іулъхьэр хьэрэмщ. Хьэрэм зышхыуэр зыхьэузэщІар, екьулІар нужькІэ кьыщІедзыж уиІэ ущІэдэм ящыщу. Ахьшэ телъхьэр (проценткІэ кьэблэжьыр) хьэрэмщ, узыхуэмейщ.

Жьызыв щыІэщ: «Дэ кьыдэ хьулІэнур ди нат Іэм къыртхарщ, лейуэ зыри кьэхъунукъым». Ар пэжкъым. Алыхьращ, дауи, фІыгъуэ псори кьыдэзытыр. Ауэ абы кьикІыркъым ерыскьыр кьыпхуэрадзыкъым уежьэу узыщыхьэну Іэмалым ирихьужу, кьыхуэхьыжьнуг!..

- Арамэ, Іуэхущхуэжьхьэм. ГъэзащІэ, мелыІыч, уи пщэрылъыр.

ДыгъуэгъуэкІуэм псынщІэ дыдэу зышІигъэхуащ ахъшэхэр щахьумэ пэшым. Фызыжьым щэхуу сакъыу гъущІыбжэ хьэлъэр иришэлІэжри, Іункіыбэзр иритыжащ.

КьыщыщІар кьыгурыІуа нэужь, дыгъуэгъуэкІуэм лъаГъэу щІидзащ:

- Сынщ Іэгъэкіыж!

- Мелыіычым и дежкІэ зырикІщ унащхьэмкІэ зиІэтыжьынщ!

- СынолъэІу, хуит сыщІыж, сымелыІыч мыгъэхьэм! СыщІыащ, сыгъэщащ…

ДыгъуэгъуэкІуэм жиІэхэм емыдаГъэу, фызыжьыр нэмэзлъыкІэм теувжащ.

Нэху ща нэужь, фызыжьым и кьуэр унэм кьыщІыхьэжащ, кьэхъуар кьыщицІэм, полицэр кьриндэрэм, «мелыІычыр» яубыдащ.

**Абу Алий ал Мухьэссин ат Тануьхьи.**
*«Хъ ьбар гъэщІэгъуэнхэр» тхылъым кьытхьжащ.*

**Фыжьыжьым и кьуэр фадафэт, хьэулеиныр зыфІэфІт. Махуэм дажьэрт, и бохьыпэм ззэ ахьшэ кьыхьырти, кьэжІужьырт. Ауэ уэнэм зыщІигъэуэрэжьым. И бохьыпэр гуэныбжьэ дыдэ зыхэль, ящищ ящищ ІэтІыльырт, щагъыр ефэрти, жэщ псом хьэулеиныр зигъэбэхьырт.**

ЗЭНЭЭЭКЪУЭМ я псэукІэм щыгъуазэ зищІри, дыгъуэгъуакІуэ гуэрым мурад ищІащ, фызыжьыр игъэбэлэрыгъэу, ихъунщІэну.

Бжэ къуагъым зыкъуигъапщкІуэри, ахьшэхэр зыщащхьэмэ пэшым зэрыщІыхьэну Іэмалым егупсысу щІидзащ. Яп щІыкІэ хэтащ фызыжьыр нэмэзлъыкъым зэрыстетыну зэманыр кьигъэсэбэнщ. «Хьэуэ, - жиІащ игукІэ, - жеину гъэлъэныкъо, Іурихмэ, сымыпІащІуэр сыдыгъэуэнщ, ахьшэу яІэр щІэгъэбэзэныкІынщ».

Фызыжьыр нэмэзлъыкъым кьытекІыжьртэкъым. Нэмэз ищІу, щыгъэ игъажэу, щэрыщІэу нэмэзым щІидзэжурэ жэщыр хэкІуатэрт. ДыгъуэгъуакІуэр кьэпшанащ жэщ псор бжэ кьуагъым щигъэжьхуэнкІэ, и мурадри кьэмыхьуэІынкІэ. ИтІанэ, Іэмал щагъуэ кьыгупсыса и гугъэжу, фызыжьым ГъунэгъуэІ зыхуищІри, кІинащ:

- Сэ сымелыІычщ! ДыкъэзыгъащІам сыкьыгъэкІуащ уи къуэ мыхъумышІэм хэфащэ тезыр тесльхьэну си кьалэну!

Фызыжьым, кьэуІэбжьами, кьыгурыІуащ и унэм ІэтэтыР зэрыдыгъэгъуакІуэр. Ямылейуэ кьэгугъэ хуэдэу фэ зытригъаІуэри, «мелыІычым» ельэІуащ:

- Сэ сиІэр а зы кьуэ закъэщр, гущІэгъу кьыхуэщІ!

- Сэ ар сукІыну пщэрыль кьысщащІакъым!

- АтІэ сыт епщІэнур?

**ХЪУАЖЬ Мухьэмэд-Хьер,**
*Кэнжэ хьуджэм и Имам.*

● Суфий хъыбарэр

## «МелыІычым» къыщыщІар

- ДяпэкІэ дащэм зыщІидзэин, тэмэму псэун щхьэкІэ и ахьшэхэр ІэщІэсхьн хуейщ. ФІы эрыкъужу, зыкъуихьжьыжнуг!..

- Сыноль эІу, хуит сыщІыж, сымелыІыч мыгъэхьэм! СыщІыащ, сыгъэщащ…

ДыгъуэгъуэкІуэм жиІэхэм емыдаГъэу, фызыжьыр нэмэзлъыкъым теувжащ.

Нэху ща нэужь, фызыжьым и кьуэр унэм кьыщІыхьэжащ, кьэхъуар кьыщицІэм, полицэр кьриндэрэм, «мелыІычыр» яубыдащ.

**Абу Алий ал Мухьэссин ат Тануьхьи.**
*«Хъ ьбар гъэщІэгъуэнхэр» тхылъым кьытхьжащ.*

● Фи лъэІукІэ

## НэщІ мазэм и нэмэз щІыгъуэхэр

| Махуэ хэр | Пщыдджы-жьым (нэщІым щІопщІэхэр) | Лъытэр кьыхьыр щІэкІыр | Щэджа-гуэр | Инын-дыр | Ахьщэ-мыр (нэщІым щІуухьыр) | Жасэр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, блыщхьэ | 4.58 | 6.29 | 13.16 | 16.58 | 19.43 | 21.23 |
| 2, гъубж | 5.00 | 6.30 | 13.15 | 16.57 | 19.41 | 21.21 |
| 3, бэрэжьей | 5.01 | 6.31 | 13.15 | 16.56 | 19.40 | 21.19 |
| 4, махуэку | 5.02 | 6.32 | 13.15 | 16.55 | 19.38 | 21.17 |
| 5, мэрем | 5.03 | 6.33 | 13.14 | 16.53 | 19.36 | 21.16 |
| 6, щэбэт | 5.04 | 6.35 | 13.14 | 16.52 | 19.34 | 21.14 |
| 7, тхьэмахуэ | 5.05 | 6.36 | 13.14 | 16.51 | 19.33 | 21.12 |
| 8, блыщхьэ | 5.06 | 6.37 | 13.13 | 16.50 | 19.31 | 21.10 |
| 9, гъубж | 5.07 | 6.38 | 13.13 | 16.49 | 19.29 | 21.08 |
| 10, бэрэжьей | 5.08 | 6.39 | 13.13 | 16.48 | 19.27 | 21.07 |
| 11, махуэку | 5.10 | 6.40 | 13.12 | 16.47 | 19.25 | 21.05 |
| 12, мэрем | 5.11 | 6.41 | 13.12 | 16.45 | 19.24 | 21.03 |
| 13, щэбэт | 5.12 | 6.42 | 13.12 | 16.44 | 19.22 | 21.01 |
| 14, тхьэмахуэ | 5.13 | 6.43 | 13.11 | 16.43 | 19.20 | 20.59 |
| 15, блыщхьэ | 5.14 | 6.44 | 13.11 | 16.42 | 19.18 | 20.58 |
| 16, гъубж | 5.15 | 6.46 | 13.11 | 16.41 | 19.16 | 20.56 |
| 17, бэрэжьей | 5.16 | 6.47 | 13.10 | 16.39 | 19.14 | 20.54 |
| 18, махуэку | 5.17 | 6.48 | 13.10 | 16.38 | 19.13 | 20.52 |
| 19, мэрем | 5.18 | 6.49 | 13.10 | 16.37 | 19.11 | 20.50 |
| 20, щэбэт | 5.20 | 6.50 | 13.09 | 16.36 | 19.09 | 20.48 |
| 21, тхьэмахуэ | 5.21 | 6.51 | 13.09 | 16.34 | 19.07 | 20.47 |
| 22, блыщхьэ | 5.22 | 6.52 | 13.08 | 16.33 | 19.05 | 20.45 |
| 23, гъубж | 5.23 | 6.54 | 13.08 | 16.32 | 19.03 | 20.43 |
| 24, бэрэжьей | 5.24 | 6.55 | 13.08 | 16.31 | 19.02 | 20.41 |
| 25, махуэку | 5.25 | 6.56 | 13.07 | 16.29 | 19.00 | 20.39 |
| 26, мэрем | 5.26 | 6.57 | 13.07 | 16.28 | 18.58 | 20.37 |
| Лейлатуль кадр ( Къэдэр жэщыр) | | | | | | |
| 27, щэбэт | 5.28 | 6.58 | 13.07 | 16.27 | 18.56 | 20.36 |
| 28, тхьэмахуэ | 5.29 | 6.59 | 13.06 | 16.25 | 18.54 | 20.34 |
| 29, блыщхьэ | 5.30 | 7.00 | 13.06 | 16.24 | 18.52 | 20.32 |
| 30, гъубж | 5.31 | 7.02 | 13.06 | 16.23 | 18.51 | 20.30 |

ГУ ЗЫЛЪЫТАПХЪЭ ХЭР:

**1. Щэращр зэрІэгъэкІын хуейщ пщэдджьжь нэмэзым и аэзнар кьэІуным дакъикъипщІ хуэдиз нІэжу.**

**Къэбэрдей-Балькъэрым и мусльмэнхэм я Іуэхущ1апІэр мусльмэн псоми кьыпохьэхьу нэщІ мазэ лъапІэр угъурны фхуэхьуну, абы и фІыгъуэ нуэдхэр кьыфІтысыну!**

● Мусльмэн ныбжьыщІэхэм папщІэ

## Сыт лъандэрэ диныр пІыгъ?

- Уэ умуслымэн?
- НтІэ, сымуслымэнщ, Іэлхьэмдулилахь.
- Сыт абыкІэ тегъэщапІэу къэпльытэр?
- Алыхьыр зэрызакъуэр, КъурІэн лъапІэр, Мухьэмэд бегъымбарыр уи фІэщ хьунырщ.
- Сыт лъандэрэ умуслымэн?
- Алыхьым ди псэхэр кьыщитэщІа, «Бэла» жьыхуаІэ зэманым кьыщышІэдзауэ.
- Хэт уи Іхьэр?
- Алыхьырщ.
- Хэт хьэзэгъэщІар?
- Алыхьырщ.
- Хэт узыкъэупщІылІыр?
- Алыхьырщ.
- «Алыхьыр дапщэ хьурэ?» - жиІэу зыгуэр кьоупщІмэ, сыт жепІэнур?
- Алыхьыр закъэущ.
- Сыт абыкІэ уи щыхьэтыр?
- «Къул хууэлахь» сурэм и япэрей ІэятитІырщ.
- Сыт абыкъэм жаІэр?
- «ЖыІэ (Мухьэмэд): Алыхьыр закъэущ».
- Алыхь Иныр уи нэгум кьыпхущІэгъэхьэну?
- Хьэуэ. Ар цыхуэм и акъылым кьитІэсэнухьым. Ауэ цыхуэр щІэгупсыс хьунущ Алыхьым и ІуэхущІафэхэм.
- Сыт «Иман-кьиясыр?»
- Уи гъащІэм и иужьрей щыхьэнахэм Іиман кьэпхьыжьынырщ.
- Дурысу пІэрэ апхуэдэ Іиманыр?
- Дурыскъым.
- Сыт «тэубэ-кьиясыр» жыхуаІэр?
- Мусльмэным, дунейм щэхьыжкІэ, и гуэныхьхэмкІэ тэубэ кьихьхьэжьынырщ.
- Адхуэдэ тэубэр дурыс?
- Дурысщ, гумрэ псэмрэ кьабгъэдэкІмэ.
- Сыт хуэдэ уи диныр?
- Ислъамырщ.
- Сыгъуэдэ ФІыщІагъэ лъапІэра уи Іхьэлыныр?
- КъурІэнырщ.
- Дэнэкіэ уи кьаблэр?
- Чэбэ лъапІэмкІэщ.
- Хэт укьыдыгтекьыкІар?
- Іэдэм бегъымбарым.
- Хэт и Іумэт зэрыгтыр?
- Мухьэмэд бегъымбарым и Іуэятым.
- Дэнэ ар кьыщалъхуар, щыщІалъхьэжар?
- Ди бегъымбар лъапІэр Мэчэ кьаІэм кьыщалъхуащ, Мадинэ кьаІэм щыщІалъхьэжащ.
- Бегъымбарыгъэр Мухьэмэд кьыщыкъуэкІуар сыт ныбжьым иту?
- Илъэс плІыщІ хьуауэ.
- Илъэс дапщэкІэ Мухьэмэд игъэзэщІа бегъымбар кьаІэнхэр?
- Илъэс тІощІрэ щыкІэ.
- Дапщэщ ар щыІар?
- И ныбжьыр илъэс 63-м иту
- Хэт бегъымбаркІэ зэджэр?
- Алыхь Иным и унафэхэр, хэнэджэщэр, ущиехэр щыхуэхэм яхэзыхьэну зи щІэ иритъхьэхэрщ.
- Алыхьым бегъымбару сыт хуэдиз щыхуэхэм кьахуигъэкІуар?
- Ар Алыхь Иным нурым кьыхуигъэщІыкІа и ІуэхутхьэбзащІэ гуэныхьыпшІэхэрщ, зыхуей тепльэм ихьэфхэрщ.

*«Исльамым уэхэшъугъэгъуэнхэр» тхылъым кьытхьжащ.*

● Мусльмэн ныбжьыщІэхэм папщІэ

## Адыгэбзэм къыхьа хьэрыпсалъэхэр

**Іэдэб** (хьэрыпл. Іэдэб; урыс. спокойный, уравновешенный). Гъэсэныгъэ дахэ зиІэ, зыушІэ зыхэлъ щІыкІэ щІэфІ.

**Іэдэм** (хьэрыпл. Іэдэм; урыс. Адам - коранический персонаж). КъурІэным кьыщыкІуа бегъымбарыщІэ.

**Іэмин** (инджыл, хьэрыпл. Іэмин, Іамин; урыс аминь) Алыхьым зэрызыхуагъазэ лъэІур кьызэрыщІадзэикІи зэрауэжьк псалъэ, «Си Тхьэ, сызэхэх, си лъэІур кьысхуэщІэ» мыхьэнэ зиІэ.

**Іэтэлкурсий** (хьэрыпл. Іэятэль-Курсий; урыс. айат из Корана) КъурІэным и Бэкъэрэ сурэм щыщ 255-нэ Іэятыщ.

**Іэтэхьянтэ** (хьэрыпл. Іэтэхьиятэ; урыс. молитва). Алыхьым Мухьэмэд бегъымбарыр езым и деж щишам, Алыхьми, бегъымбарми, ЖэбрэІил мелыІычми кьыжаІа щытхъу псалъэ, нэмэз щІыгъуэхэм кьабжу.

**Іэят** (хьэрыпл. Іает; урыс. айат, отрывок, стих из Корана). КъурІэным щыщ псалъэ псо, ЦЭ сатыр, Іыхьэ. Сурэхэр Іэятурэ зэхэтэуваш.

**Іиблис** (алыдж, хьэрыпл. Іиблис; урыс. сатана, дьявол). Алыхьым и нэлатыр зытехуэу шейтІан хьуа жин бадзэ.

**Іизын** (хьэрыпл. Іизн; урыс. дозволение, разрешение, ордер) хуитныгъэ, унафэ.

**Іизят** (хьэрыпл. Іизаі; урыс. страдание, мука). Хьэзаб щэчын, бзылъхь хэхуэн.

**Іимам** (хьэрыпл. Іимам; урыс. имам, духовный глава у мусульман). Жэмыхьэтым и пашэ, унафэщІ.

**Іиман** (хьэрыпл. Іиман; урыс. вера, верующий). ФІэщхьэныгъэ диныр зи фІэщ хьу щІыхь.

**Іисраф** (хьэрыпл. Іисраф, урыс. приходить в негодность, испортиться). Хьэпшыпыр, ерыскъыр, н.къ. кІуэдын, зэкІуэкІын, зыгуэр кьэбгъэсэбэныж мыхьун.

**Іисрафил** (ассир, хьэрыпл. Іисрафил; урыс. архангел). МелыІычым и нэхъыщхьэпІлІым я зым и цІыхьэ.

**Іихьрам** (хьэрыпл. Іихьрам; урыс. специальная одежда для паломников). ХьэжыщІ кІуэхэм зыщатІагъэ фащэ.

**Іумэт** (хьэрыпл. Іуммэт; урыс. умма, религиозная община). Мухьэмэд бегъымбарым и диным ит цІыхухэр, мусльмэнхэр.

**Іустаз** (кьэжэр, хьэрыпл. Іустаз; урыс. учитель, преподаватель духовных семинарий). ЕгъэджакІуэ, гъэсакІуэ; мусльмэн дин еджапІэм щылажьэ цІыху.

**ПЩЫХЬЭЩІЭ ЛатІиф, ТЫМЫжЬ Хьэмышэ.**

**НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.**



Иерусалим кьаІэм дэт Куббат ас-Сахьрэ мэжджытыращ, хьалифышхуэ Умар и цІэр зезыхьэрщ.

● Зы Іэятым и дерсхэр

## ФІыгъуэхэм я нэхъыфІыр

**ЖжеІэ** (»Ягурыгъаіуэ, Мухьэмэд») **джаурхэм** (Мэчэ кьаІэм дэс кьурейщ динынщэрэщ зи гугъу ищІыр): «**ФІыщыхагъэщІэнущ фэ мы дунейми** - Бэдр зауэм - **нкІи фахунущ жыхьэнмэм** (Кьемэт махуэм и деж). **ЫуІэпІэ Іейщ кьыф пэщыІтыр».**

**ФэркІэ щапхъэт** (дерс, жьыкІыхэрхьыпхъэт, фи фІэщи фщІыпхъэт -фыщыхагъэщІэнущ- зэрыяжесІар) **зэпэува гупитІыр** (Бэдр зауэр щкІэуэкІа махуэм): **зы гупыр Алыхьым и диным щІэбэнырт, адрейхэр джаурт** (Бэдр зауэм хэта, Мухьэмэд бегъымбарыр зи пашэу щыта зауэлІхэр щищрэ пщыкІущрэ хьурт. Абы зэрэм ящыщу блыщІрэ блыр мухьэ жьыркэт, адрей щІпІрэ щэщІрэ хьыр Іэнщар хэм - Мадинэ кьаІэм щыпсэхуэм - ящыщт, Мухьэжьыркэм я ныпыр Іэбу-ПІалиб и кьуэ Хьэлий иныгът, Іэнщархэм я ныпыр Хьубдэр и кьуэ Сэхьд Іэщ1эпът. Дзэм хэтт махъшэм тесэкэри, шууейхэри - щІыху блыщІ хьуэ, я Іэщ1э-фащ1эхэри фІыуэ. Мэчэ кьаІэм джарухэр зауэлІ щибгъуэрэ тхущІрэ хьурт. Абыхэм я пашэт Абуш-Шэмсым и кьуэрыпІхьу Хьэтбэт. Джаурхэм я дзэм хэтт шууищэ. Бэдр зауэр хьиджэм и ужькІэ ящу кьэхъуа кьэзэуат щІапІэщхэт, лЫгъэ зэхэтэкІыпІэ инт). **Абыхэм** (мусльмэнхэм)**модрейхэр зэррыхъум нэхъыф хуэдитІкІэ нэкмащІэу ятъэгъуащ.** (Апхуэдэ щІыкІэкІэ Тхьэм мусльмэнхэр игъэгушхуащ, я бий-кэр нэхъ мащІэу кьафигъэщІри, т екІуэныгъэм хуэзщІэнтащ. Зауэм хэта Ибн-Мэсхьуд абы теухуауэ мыпхуэдэу жиІэгъащ: «Зауэм щыщІэддзэм, джаурхэм я дзэм деплъри, ахэр дэ нэхъ-рэ ІэдэжкІэ нэхъ мащІэу, нэхъ пъэрымыкъу кьыпТхьщІэхъэгъуат»). Алыхьым и дэІэпыкъуныгъэмкІэ жэрдэм дещІ езыр зыхуейм, мы Іуэхум дерс кьыхахьпхъэщ акъыл зиІэу зи нэхэр пльэхэм.

**ЦІыхур ягъэщІэращІэ** (яГъэгуфІэ, гухэхъуэ, дерэжьгъуэ кьрат) **псэр зытхъэкІыхэмкІ щхьэгъуэсхэм**(аэращ1ущ1ущ1ущ

# ДызыхуэкІуэ мазэм

● Махуэгъэпс

ФОКІАДЭМ И 1-м

♦ **1674 гъэм** Муцал и къуэ Къасболэтыпщым и дзэм Азов дэж тыркудзэр щы-эзтрикъутащ.

♦ **1921 гъэм** Къэбэрдей автоном областыр кьыэ-рагъэпэщащ.

♦ **Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэралы-гъуэм и махуэщ.**

♦ **Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ.**

♦ **Налшык къалэм и ма-хуэщ.**

♦ **1939 гъэм** ЕтІуанэ Ду-нейпсо зауэр зэхъеящ.

♦ **1940 гъэм** Тырныауз вольфрам-молибден ком-бинатыр кьызэІуахащ.

♦ **1940 гъэм** Налшык кьы-щыізэрагъэпэщащ адыгэ, балькъэр балет студие-хэр.

♦ **Мамырыгъэр хьумэным и дунейпсо махуэщ.**

♦ **ЩІэныгъэм и махуэщ.**

♦ **Гъэ еджэ-гъуэм щІе-дзэж.**

ФОКІАДЭМ И 2-м

♦ **Ди эрэм и пэкІэ 490 гъэм** пасэрей альдж зауэлІ Фи-типид альджхэр къэжэр-хэм (персхэм) эратекІ-кІуамкІэ хьыбар хьэлэмэ-тыр и кэкуэгъуэм яригъэ-щІэн папщІэ Марафон къалэм къыщыщІэдзауэ Афинхэм нэсыху километр 42-рэ метри 195-рэ гъуэгуанэр кьижауэ щы-тащ. Абы и щыхьэІэмара-фон жэкІэр Олимп Джэгу-хэм хагъэхьащ.

♦ **Ильэс 45-рэ и пэкІэ (1963)** кьыізэрагъэпэщащ Электросетхэм я Къэбэр-дей-Балькъэр Іуэхыуща-пІэр.

ФОКІАДЭМ И 3-м

♦ **1612 гъэм** Пожарский Дмитрий полякхэм я Москва щыІэ.

♦ **1970 гъэм** Волжскэ автозаводым «ВАЗ-2101» («Жигули») автомобилхэр кьыщІигъэкІыу щІидзащ.

♦ **Дахагъэм и дунейпсо ма-хуэщ.**

♦ **1721 гъэм** Урысейм Швециемрэ ильэс 21-кІэ ирагъэжьауэ Ищхьэрэ за-уэр увыІащ.

♦ **1725 гъэм** Невский Алек-сандр и орденыр ягъуэ-ващ.

♦ **1895 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, композитор, пшынауэ Іэзэ, уэрэдус цІэрыІуэ, Къэбэрдей-Балъ-къэрым гъуаз-джэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Къэжэр Индрис.** 1941 гъэм Бобруйск нэ-мыцІэ концлагерым илІы-хьащ.



♦ И ныбжьыр **ильэс 75-рэ ирокъу** Урысей Федера-цэмэ Къэбэрдей-Балъ-къэрми щыІэ зиІэ я энергетик, республикэм и энергетикэм зегъэужьыным хэлъхьэны-гъэфІ хуэзыщІа **Къущхэ Сэхьид и къуэ Мухьэжид.**

ФОКІАДЭМ И 6-м

♦ **1939 гъэм** Налшык щыгъэжапІэ кьыщІэІ-Іуахащ.

♦ **1942 гъэм** ВЛКСМ-м и обкомым республикэм и щІалэгъуалэр кьыхуири-джащ я кьару псомкІи нэ-мыцІэ-фашист зэрыпхъуа-кІуэхэм ярипщІэувэну.

♦ **2001 гъэм** Урысей Феде-рацэм и Прези-дент **Путин Вла-димир** Къэбэрдей-Балькъэр Республи-кэм къэкІуащ.

ФОКІАДЭМ И 7-м

♦ **1812 гъэм** Кутузов Ми-хаил зи пащэ урысыдзэр Бородино деж франдж-дзэм щезэуащ.

♦ **Ильэс 85-рэ и пэкІэ (1923)** Интерполыр - уголовнэ полицэм и дунейпсо организацэр - кьызэрагъэпэщащ.

♦ **ЩІыдагъэ, газ промышленностым я лэжьакІуэхэм я махуэщ.**

ФОКІАДЭМ И8-м

♦ **Ильэс 85-рэ ирокъу** Дагъыстаным и щы-хубэ усакІуэ, Социалист Лэ-жьыгъэм и Лыхъужь, Ленин, СССР-м и Къэрал сауГъэтхэм я лауреат **Гамзатов Расул** кьызэралъхурэ. 204 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ И ныбжьыр **ильэс 50 ирокъу** КъБР-м щыхь зиІэ и ухуакІуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Кьандэхъу Мухьэмэд.**

♦ **Журналистхэм я Зэ-кьуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ.**

♦ **ЩІэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ.**

ФОКІАДЭМ И9-м

♦ **Ильэси 180-рэ ирокъу** урыс тхакІуэшхуэ Толстой Лев кьызэралъхурэ. 1910 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ **1970 гъэм** Волжскэ автозаводым «ВАЗ-2101» («Жигули») автомобилхэр кьыщІигъэкІыу щІидзащ.

♦ **Дахагъэм и дунейпсо ма-хуэщ.**

♦ **1721 гъэм** Урысейм Швециемрэ ильэс 21-кІэ ирагъэжьауэ Ищхьэрэ за-уэр увыІащ.

♦ **1725 гъэм** Невский Алек-сандр и орденыр ягъуэ-ващ.

♦ **1916 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и щы-хубэ усакІуэ, **Щоджэншыкіу Іэдэм.** 1995 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ **1939 гъэм** къалъхуащ Урысей Федерацэм и Къэ-рал Думэм и депутату щыта, КъБР-м и Парла-ментым и депутат, къралы-гъуэ лэжьакІуэ **Сэхьу Владимир.**

ФОКІАДЭМ И 11-м

♦ **1943 гъэм Къуэныкъуей Назир** яп дыдэу зауэ кьа-лэн иІуэ уэгум ихьащ, яп эмыцІэ кхъухьлъатэри кьриудыхащ, абы папщІэ генерал Савицкэм яп орденри кьриташ.

♦ **1929 гъэм** къалъхуащ УФ-м щыхь зиІэ и артист, КъБР-м и щыхубэ ар тист, «Кабардинка» къэфакІуэ ансамблым и гъэсакІуэу щыта **Дашу Хьэшыр.** 1994 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ **1937 гъэм** къалъхуащ СССР-ми КъБР-ми я щыхубэ артист **Кобзон Иосиф.**

♦ **1790 гъэм** адмирал **Ушаков Федор** (адыгэ лъэпкым кхъыхь-кІащ) зи пашэ урыс эскадрэр Тендра деж тырку эскадрэм щытекІуащ.

ФОКІАДЭМ И 12-м

♦ **1492 гъэм** Колумб Хри-стофор Америкэр кьызэ-Іуихащ.

♦ **1953 гъэм** Хрущев Никитэ Сергей и кьуэр КПСС-м и ЦК-м и яп секретару хахащ.

♦ **1959 гъэм** совет ракетэр япэу Маздм лъэтащ икІи СССР-м и ныпымрэ гер-бымрэ ихьащ.

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ Къэ-рэщей-Шэрджэсым и щы-хубэ тхакІуэ **Эрат Хьэбас.**

ФОКІАДЭМ И 13-м

♦ **1762 гъэм Екатеринэ II** пащтыхь къуалыкъум пэ-рыуащ.

♦ **1919 гъэм** къалъхуащ УФ-м щыхь зиІэ и артист, КъБР-м и щыхубэ ар тист, драматург, режиссер **Туфей Мухьэмэд.** 1973 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ **1942 гъэм** Сталинград зауэм щІидзащ.

ФОКІАДЭМ И 14-м

♦ **1812 гъэм** Москва за-уэнтІэу ятащ, къэлэри урысыдзэри хьума хьун папщІэ.

♦ **1871 гъэм** къалъхуащ гене-рал-майор, КъуэкІыпІэ Жы-жьэ армэм и унафэщІу щыта **Хьэгъэндокьуэ Едыдж.** 1918 гъэм Франджым Іэпхъуащ.

♦ **1960 гъэм** кьызэрагъэ-пэщащ ЩІыдагъэ зыщэ къэралхэм я организацэр (ОПЕК-р).

♦ **Танкистым и махуэщ.**

ФОКІАДЭМ И 15-м

♦ **1932 гъэм** Къэбэрдей-Балькъэр къэрал пед-институтыр кьызэІуахащ.

♦ И ныбжьыр **ильэс 70 ирокъу** усакІуэ, критик, литературо-вед цІэрыІуэ, КъБКъУ-м и до-цент **Къэжэр Хьэмид.**

ФОКІАДЭМ И 16-м

♦ 1944 гъэм Налшык кьы-щызэІуахащ республикэм и дохутырхэм я съезд.

♦ **Мамырыгъэр хьумэным и дунейпсо махуэщ.**

♦ **ЩІым и озон къатэр хьумэным и дунейпсо ма-хуэщ.**

ФОКІАДЭМ И 17-м

♦ **1877 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, жылагъуэ лэжьа-кІуэ, **Кьщыкьуэхэ Рашид-рэ Алимрэ я адэ Пщыма-хуэ.** 1937 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ И ныбжьыр **ильэс 60 ирокъу** УФ-м щыхь зиІэ и артист, КъБР-м и щыхубэ ар тист, «Кабардинка» къэфакІуэ ансамблым и гъэсакІуэу щыта (Адыгэ Рес-публикэ) **ХьэщІэмыз Ма-риет.**

ФОКІАДЭМ И 18-м

♦ **1929 гъэм** СССР-м яп-ня комбайнхэр, «Коммунар» зыІэщІагъэ кьыщІигъэкІыу щІидзащ.

♦ КъБР-м и щыхубэ артис-тхэ **Мэшыкьуэ Феня** къалъхуащ.

ФОКІАДЭМ И 19-м

♦ **1963 гъэм** Ла-Манш хы-тІуалэм и щІагъэм щІэкІыу гъущІ гъуэгу ухуэным щІа-дзащ.

ФОКІАДЭМ И 20-м

♦ **1862 гъэм** кьызэІуахащ Санкт-Петербург къэрал консерваториер, Уры-сейм и яп музыкэ еджа-пІэ нэхьыщхьэр.

♦ **1936 гъэм** Лажьэу яу-тІыпщащ Бахьсэн ГЭС-р.

♦ **1922 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и щы-хубэ тхакІуэ, Къэрал сау-гъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэдэгъэлэ Аскэр.**

ФОКІАДЭМ И21-м

♦ **1827 гъэм** генерал **Ермолов Алексей** Кавказым ирагъэкІыжащ.

♦ **1942 гъэм** Бахьсэн партизан гупыр Къармэ-хьэблэ дэс нэмыцІэ гарни-зоным теуащ, хэщІыны-гъэшхуи иритащ.

♦ **Мэзым и лэжьакІуэхэм я махуэщ.**

ФОКІАДЭМ И22-м

♦ **1943 гъэм** Центральнэ, Воронежскэ фронтхэм я дзэхэр Днепр зэпрыкІащ.

♦ **Махуэмрэ жэщымрэ зэ-хуэдиз щыхьэ бжьыхьэ махуэщ.**

ФОКІАДЭМ И23-м

♦ **1869 гъэм** Менделеев Дмитрий химие элемент-хэм я периодическэ зако-ныр кьихуащ.

♦ **1924 гъэм** Къэбэрдей-Балькъэрым щыгъэнэІэн-щагъэр щыгъэкІуэдыы-нымкІэ комиссэ кьызэ-рагъэпэщащ.



♦ **1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и щыху-бэ усакІуэ, КъБР-м и Къэ-рал саугъэтым и лауреат **Тхьэ-гъэзит Зубер.**

♦ **Ильэс 65-рэ ирокъу (1943)** Совет Союзым и Лыхъужь **Байсултанов Алим** Балтием и Флотым щыІэ зэкІуадэрэ.

♦ **2000 гъэм** тегенечлы жылэм **Высоцкий Владимир и музей** кьыщІызэІуахащ.

ФОКІАДЭМ И24-м

♦ **Ильэс 60 ирокъу** усакІуэ **Семэн Руслан** кьызэралъхурэ. 1985 гъэм дунейм ехыжащ.

ФОКІАДЭМ И25-м

♦ **1934 гъэм** Налшык кьы-щызэІуахащ КъЗэдэгъэ-Балькъэрым и яп колхоз-совхоз спартакиадэр.

♦ **Ильэс 75-рэ ирокъу** тхакІуэ **Щ а м ы р з э Іэмырбий** кьы-зэралъхурэ. 2004 гъэм дунейм ехыжащ.

ФОКІАДЭМ И26-м

♦ **Бзэхэм я европэпсо ма-хуэщ.**

ФОКІАДЭМ И27-м

♦ **1825 гъэм** Инджылызым япэу гъущІ гъуэгу щау-хуащ.

♦ **Ильэс 50 ирокъу (1958)** Прохладнэм «Кавказскабель», Майскэм «Севкавреннтген» заводкэр лажьэу зэрыщаутІыпщрэ.

♦ **1960 гъэм** Останкинэ телечэщанэр ухуэн щІадзащ.

♦ Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, литературовед, КъБР-м щІэ-ныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэщхьуэжь Раисэ** кьалъхуащ.

♦ **Туризмэм и дунейпсо махуэщ.**

ФОКІАДЭМ И28-м

♦ **1680 гъэм къалъхуащ** Урысей Правительствэм и унафэщІу щыта **Черкаский Алексей** *(лъэпкъкІэ адыгэщ).*

♦ **1951 гъэм** къалъ-хуащ КъБР-ми КъШР-ми щэн-хабзэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Дагъыстани Ингушми гъуэзджэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ, педагогикэ щІэ-ныгъэхэм я кандидат, ШДАА-м и членкорреспондент **Бетыгъуэн Іуес.**

♦ **Машинэухуэм и махуэщ.**

♦ **Атом промышленностым и лэжьакІуэхэм и ма-хуэщ.**

ФОКІАДЭМ И 30-м

♦ **1882 гъэм** Дунейм щы-япэу Фокс псым (США) электростанц тращІы-хьащ.

♦ **1960 гъэм** Налшык лэ-жьэн щыщІидзащ «Горянка» алэрыбгъу фабрикэм.

♦ КъБР-м щыхь зиІэ и журналисткэ, публицист, къэрал, жы-лагъуэ лэжьа-кІуэ **Мэз Сусан-нэ** кьалъхуащ.

♦ **Интернетым и дунейпсо махуэщ.**

МЫ ГЪЭМ:

♦ **Ильэс 355-рэ и пэкІэ** (1653) кьрымыдзэр Къэ-бэрдейм кьытеуащ. Абы жылагъуэ зыбжанэ зэтт-ригъэсхьащ, сабиищэм щІигъу идыгъуащ, Іэщ куэд ихуащ.

♦ **Ильэс 320-рэ и пэкІэ** (1688) Къаз-Джэрий зи пашэ кьрымыдзэр Къэ-бэрдейм кьытеуащ, Іэщ куэд иубыдащ, щыхь зыбжанэ гъэр ищІащ.

♦ **Ильэс 305-рэ и пэкІэ** (1703) мин хьщІ хъу кьры-мыдзэр Къэбэрдейм кьытеуащ, жылагъуэ куэд яхьунщІащ, ауэ адыгэхэм а дзэр ээхакъутащ.

♦ **Ильэс 300 и пэкІэ** (1708) минищэ хьу кьрымыдзэмрэ тыркудзэмрэ Къэбэрдейм кьытеуащ. Зауэ гуащІэхэм (нэхъ цІэрыІуэр Кьэнжал зауэрщ) биймк и зауэлІ мин 40-м щІигъу щауКІащ **ХьэтІохъущокьуэ Кургуокьуэ** зи пашэ адыгэдзэм.

♦ **Ильэси 195-рэ и пэкІэ** (1813) урыс академик Вишневскэм Іуащхьэмахуэ и льагагъыр зыхуэдизыр яп дыдэу кьихутащ.

♦ **Ильэс 95-рэ и пэкІэ** (1913) **Дым Іэдэм** зэ-хилъхьа адыгэ а-лыфбейр Те-мырхьан-Шурэ (Буйнакск) кьы-щыдзэкІащ.

*Зыгъэхьэзырар* **УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**



**Дуней псом щыщІэрыІуэ дохутыр, ЩДАА-м и академик, Адыгэ Адыгэ Академием и къудамэу Ставрополь крайм щыІэм и унафэщІщ.**
*Сурэтыр* **ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд** *трихащ.*

● ЩІэныгъэ

## ЗэфІагъэкІахэр къапщытэж

**Иджыблагъэ КъБР-м Егъэ-джэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм зэІущІэ ирагъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ 2008 гъэм и яп мазихым республикэм и егъэджэныгъэ ІэнатІэм кьыщыхьуа зэхьуэ-кІыныгъэхэм, министерствэм зыхуигъэувыжа къалэнхэм зэрехьулІар, зыхуэмыцу кьы-наухэм, я мурадхэм.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрЩІхьэгъэпсо Сэфарбий, абы и кьуэдзэхэр, ми-нистерствэм и департамент-хэм, егъэджэныгъэмкІэ къалэ, район къудамэхэм я унафэщІ-хэр.

«2010 гъэ пщІондэ УФ-м егъэ-джэныгъэ ІэнатІэм щигъуэ-тыну зэхъуэкІыныгъэхэр» программэм тету КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм я лэжьыгъэр зэрырагъэфІэкІуэным и кьару псори хуэунэ-Іыуэ блэкІа гъэ еджэгъуэр кьрихьэлІащ. Апхуэдэу хьар-зынэу кьызэгъэпэщащ еКІуэ-кІащ республикэм и еджапІэ, егъэджакІуэ нэхьыфІхэр кьы-щыхьах зэпеуэхэр. Абы и лъэ-ныкъуэкІэ егъэджэныгъэ Іуэ-хуэ фІы дыдэу щыэтеблауэ кьалытащ школ 25-м, егъэ-джакІуэ 96-м зэфІэкІ лъагэхэр зэпеуэм кьыщагъэлъэгъуащ. НыбжьыщІэ зэчиифІхэр дэ-Іыгъыным теухуауэ «Егъэ-джэныгъэ» лъэпкъ проектым кьызэригъэувым ишкъ иткІэ, УФ-м и Президентым и саугъэ-тыр еджакІуэ 22-м кьратыны-нущ.

ЗэІущІэм кьыщыпсэлъахэм кьыхагъэщащ сабийхэм я гъэ-махуэ зыгъэпсэхугъуэхэри тэ-мэму кьызэгъэпэща зэрры-хьуар. Мы зэманми а лэжьы-гъэр зэпыуакъым, лагерхэм, санаторхэм зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щыізэфІагъэвэж республикэм и къалэхэм, рай-онхэм кьикІа сабийхэм.

Гъэ еджэгъуэщІэм курыт еджапІэхэр зыхуей хуэзэу ирихьэлІэныи республикэ бюджетым кьыхэкІыу сом ме-луани 10 трагъэкІуэдныущ. Апхуэдэу ведомствэ щхьэхуэ-эхэм я нэІэм щІэт еджапІэхэм сом мелуани 10 хуэхьныщ. Налшык къалэ дэт школ-интернат №3-р сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжьным текІуэдну сом мелуани 10-р УФ-м и Прези-дентым и резерв фондым кьыхэкІыу кьыІэрыхьащ.

Егъэджэныгъэм кІэлъыпІ-лъынымрэ ар кьэпщытэнымкІэ департаментым и лэжьы-кІуэхэм зэхалъхьэжащ Зыуэ щыт кьрал экзаменхэм кьрикІуахэр. Апхуэдэу ЕГЭ-м и яп Іыхьэм еджакІуэ мини 10-м и нэблагъэ хэтащ, етІуанэ Іыхьэм экзаменхэр ятащ щыхь 2502-м. Зыуэ щыт кьрал экзаменхэм кьыщахьа балл бжьыгъэхэмкІэ мыаразы еджакІуэхэри щыІащ. Абы ипкъ иткІэ псори зэхэту ныбжьыщІэ 1425-м я лэжьы-гъэхэм хэпльэжати, 619-р тэ-мэму кьалытагъэжащ.

Апхуэдэу КъБР-м и курыт школхэр кьэзыуха ныбжьы-щІэхэм федеральнэ бюджетым кьыхэкІа мылъкукІэ Урысей Федерацэм и еджапІэ нэхьы-щІхьэу 34-м я щІэныгъэм щыхагъэхьэуну Імал яІащ. Абы кьищынэмыщІауэ, ди республикэм и ныбжьыщІэ 27-р целевой унэтІыныгъэкІэ Урысейм и медицинэ вуз нэхь-ыфІхэм щІагъэтІысхьащ.

**КІУЖ Инэ,**
*КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министер-ствэм и пресс-секретарь.*

● Къэпкъ проект

## Зыхуей-зыхуэфІхэр къаІэрохьэ

**«ЕГЪЭДЖЭНЫГЪ» лъэпкъ проектым тету Прохладнэм куейм и еджапІэ зыбжанэм кьыщыізэрагъэпэщащ дерс щхьэхуэхэр хэхъуэауэ щрагъэджыну классхэр.**

ПРИБЛИЖНЭ жылагъуэм дэт курыт еджапІэм лъэпкъ проектым хиубыдэу кьыІэрыхьащ сабийхэм географиер куууэ ирагъэджыныкІэ къа-гъэсэбэпыну блын картэу 60-м нэс, таблицэхэр, видео-фильмхэр, еджакІуэхэр ду-нейм и щытыкІэм зэрыкІэ-лъыплъыну зэхэтыгъэ, географие дерсхэр джынымкІэ кьагъэсэ-бэп литературэр. Школым кьыІэрыхьа оборудованэр иджыпсту ягъэув, гъэ еджэ-гъуэщІэм кьызэрагъэсэбэ-пынум хуагъэхьэзыр.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

●ЗэпыщІэныгъэ

## Щызэхъуажэ гъэлъэгъуэныгъэ

**Ди газетым зэрытетащи, иджыблагъэ республикэм щыІащ Урысейм и Художник-хэм я союзым и Мэзкуу къуда-мэм и унафэщІым и къуд-дзэ Горяиновым Сергей, Ар скульптор щІэрыІуэ, Москва и метром и Нагорная. По-лянкэ станцхэм я барельеф-хэр зыщІари араш.**

НАЛШЫК, ди Художникхэм я союзым и правленэм щеІ-кІуэкІа зэІущІэм зэрыщыжи-ІамкІэ сурэтыщІ щІэрыІуэр рес-публикэм кьэкІуащ КъБР-м и Художникхэм я союзым и правленэм зэгурыІуэныгъэ ирищыкІІэну. Ар зыгъэуауэ сурэтыщІхэм я зэрыізэхуажэ гъэльэгъэныгъэхэр егъэкІуэ-кІыныщ. Кьащтэмэ, ди рес-публикэм и художникхэм ящыщу 5-м я ІадакъэщІэжьІхэр Москва, Валаамрэ Переяс-лавль-Залесскэмрэ щагъэ-льэгъэную Іэмал ягъуэтыныщ. Апхуэдэуи мэзкуу сурэтыщІ-хэм я лэжьыгъэхэр Къэбэрдей-Балькъэрым къашэнущ. Художникхэм я зэрызэхъуажэ гъэльэгъэныгъэхэм Кавказ Ищхьэрэм и адрей республи-кэхэри кьыхащэнущ.

- Ар зэмІэ щІэдзапІэщ, къэ-кІуэнум абы зедгъэубгъунущ. Апхуэдэ гъэльэгъуэныгъэхэм ди художникхэр нэхъ гъуэ-нэгъу зэхуищыныщ, сыт хуэ-дэ зэпыщІэныгъэмэ я щхьэр зэныбжьэгъугъэрщи, ар нэхъ-ри быдэ хъуну си гуапэщ, - жиІащ Горяинов Сергей.

**УАРДЭ Жантинэ.**

## Тхьэмахуэ зэхуакум

● ГИБДД-м къет

**Щыщхьэ Іуэм и 14 - 24-хэм республикэм гъэзэгу насыпыщагъэу 22-рэ къыщы-хъуати, абыхэм щІыхуи 6 хэкІуэдащ, 21-м фэбжь хахащ.**

ЩЫЩХЬЭІУМ и 24-м сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 30-м, щІалэгъэфащэмкІэ ВАЗ-2109 автомашинэр зезыгъакІуэр Головко и уэрамым тету Калюжнэм и уэрамымкІэ щыкІуэм, уиІ №128-м и гупэм дэж щыжьэ-хэуащ ильэс 14 зи ныбжь, Налшык къалэ дэт СОШ №1-м и еджакІуэ хъыджэбз щІы-кІуэм. Кьыщемызэгъ щІыпІэм деж гъэгъур щІыхьэзыгъуныну хэта ныбжьыщІэр сымэ-джэщым яшащ, машинэм дэсам зигъэпщ-кІуэщ.

Регистрацэ Іуэхуэхэр щызэфІагъэкІым ГИБДД-м автотранспортыр тхьнымкІэ, эк-заменхэр кьеІыхьнымкІэ и кьудамэм кьы-щигъэощащ зи агрегатхэм тетын хуейхэр зэ-хьуэкІа автомашинри 3.

Кьалъхьуэхэм ящыщу тхьэмахуэ зэ-хуакум кьриубыдэу кьытрахащ авто-машинэр зэратхамкІэ зы тхылъпэ зы дамыгъэрэ, шофер тхылъпэ двигателым и номеррэ. Апхуэдэу иубыдащ къа-лъьихьуэ ВАЗ-2112 автомашинэр.

Щыщхьэ Іуэм и 18-м Май муниципальнэ районымкІэ ОВД-м и гъэгу плъыхьэм Май къалэм щаубыдащ мэкъумэш техникэ идыгъуауэ щэч зыхуащІ Хино-Рейнджер автомашинэр зезыгъакІуэ къалэдэсыр.

А махуэ дыдэм Налшык къалэм щыІэ УВД-м и гъэгу плъыхьэм яубыдащ щыщхьэІуэм и 15-м авариер зи зэхащІ къэхъуу зызыгъэпщ-кІуэка, ильэс 50 зи ныбжь налшыкдэс щы-хубэр, ВАЗ-21074 автомашинэр зезыгъа-кІуэр.

Щыщхьэ Іуэм и 20-м «Поток» экипажым иубыдащ ГАЗ-3307 автомашинэр зезыгъа-кІуэр, зызыэфащэ тхьпІхэр щІымыгъуу ди-зель гъэсыныпхъэ литр 4900-рэ ящыІ.

Щыщхьэ Іуэм и 21-м сыхьэти 4-рэ дакъикъэ 25-м Налшык къалэ щыІэ УВД-м и ДПС-м и батальон щхьэхуэм и пэжьакІуэхэм сумкэ-хэр зыхь щІыхуитІым щэч хуащІащ. Ахэр къагъэувыІэну щІыхуэжьэм, щІыхуэхъутІри щІэпхъуащ. ПсынщІэу яужь ихьэри яубы-дащ ильэс 31-рэ зи ныбжь налшыкдэсыр, апхуэдэуи къагъуэтащ ВАЗ-2107 автомаши-нэр, «Ямат» тыкуэным кьыщадыгъуа хьэп-щыпхэр зэрыІыр.

**ТКАЧЕНКО Ольгэ,**
*КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакІуэ.*


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭ ФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**ЖъэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

**ДИ ХЭЩІАПЭР**

**360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатэр.**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщ1ап1эхэм ядэ-лажьэхьмкІэ - 42-60-53; хьыбарщІэхэмкІэ, спортым-рэ писымоэхэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхуэщ1ап1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.**

**Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм ирогъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ 2008 гъэм и яп мазихым республикэм и егъэджэныгъэ ІэнатІэм кьыщыхьуа зэхьуэкІыныгъэхэм, министерствэм зыхуигъувыжа къалэнхэм зэрехьулІар, зыхуэмыцу кьы-наухэм, я мурадхэм.**

**Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ щІэ дальщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленом.**

**Тел.: 42-06-51, 42-19-59.**

**Газетыр щыпхьмкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.**

**Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ягъуащ.**

**Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.**

**КъБР-м ЩІэныгъэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.**

*Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахащ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Щхьэщмыщ Иэз, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, Пхьэтыкі Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дзЭпыкьуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютерІэ газетым и тепхэр зыдащ:* Дол Маринэ, ГъукІэлі Рае, *сурэтыщІ* Бицу Жанэ.

**Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьзыращ.**

**Газетым Іэ тетэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыградзэр сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 10.008 ● Заказ №2881**